

ISSN 2088 0812

MAJALAH UMUM BERBAHASA JAWA KRAMA

# GITIS BASA

NGGAYUH UTAMANING BASA MRIH LUHURING PAKARTI



BALAI BAHASA  
JAWA TIMUR





# Isinipun Majalah



<b>Atur Sapala</b>	1
<b>Kabudayan</b>	
PAWIWAHAN PENGANTEN ADAT JAWI <i>Drs. Imam Sutardjo, M.Hum.</i>	2
CARANIPUN NGGEGULANG BUDI PEKERTI TUMRAP SISWA (GENERASI MUDHA) LUMANTAR PIWUCALAN BASA JAWI <i>Drs. Imam Riyadi, M.KPd.</i>	11
<b>Pangarsa</b>	
KI PADMASOESASTRA Sastrawan Era Transisi (1843-1926) <i>Ahmad Riza</i>	19
<b>Pawartos</b>	
PANGAJI-AJI SUTASOMA BALAI BAHASA JAWA TIMUR 2018 (Ngrabuk Tuwuh Ngrembakanipun Sastra Jawi) <i>Nono Warnono</i>	21
<b>Cariyos</b>	
JURUMARTANI, PANANGSANG (3) <i>M.A. Sudi Yatmana, B.A.</i>	24
<b>Cerkak</b>	
SARUNG GOYOR <i>St. Sri Emyani</i>	25
NGGEGEM LAYANG TRESNA <i>Puji Wirawan</i>	29
Sinau Saka Kendhi <i>Zuly Kritanto</i>	32
<b>Geguritan</b>	
Lindhu Kadidene Sasmita / Punagi Sesuluh <i>Nono Warnono</i>	34
Kang Tinemu / Pangajab / Tinuntun Asihé Gusti <i>Sri Narjati</i>	35
<b>Papan Wisata</b>	
Wisata Religi wonten ing Gresik <i>Dalwiningsih</i>	36
<b>Tetembungan</b>	
DHIT <i>Dr. Rama Sudi Yatmana</i>	40
<b>Gegujengan</b>	
PLÉSÉDAN <i>Dr. Rama Sudi Yatmana</i>	43
<b>Daharan</b>	
SEKUL GEGHOG KHAS TRENGGALEK <i>Dalwiningsih</i>	43
<b>Wawancara</b>	
PERLUNIPUN NGREVOLUSI PASINAON BASA JAWA	45



ISSN 2088 0812

**TITIS BASA**  
MAJALAH UMUM BERBAHASA JAWA KRAMA

**PENANGGUNG JAWAB**  
Mustakim

**REDAKTUR**  
Dalwiningsih

**DEWAN REDAKSI**  
Darmono Saputro (Javanologi Surabaya)  
Amir Mahmud (Balai Bahasa Jawa Timur)  
Imam Sutardjo (Univ. Negeri Sebelas Maret)  
JFX Hoery (Pamarsudi Sastra Jawi Bojonegoro)  
Sunardi ( SMPN Tarik, Sidoarjo)

**DESAIN GRAFIS**  
Okky N.  
Arif Izzak

**SEKRETARIAT**  
Rahmidi

**ALAMAT REDAKSI**  
Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur  
Jalan Siwalanpanji II, Buduran, Sidoarjo 61252  
Telepon/Faksimile 031-8051752  
Pos elektronik: [dalwiningsih@yahoo.com](mailto:dalwiningsih@yahoo.com)

Majalah Titis Basa nampi seratan arupi cariyos, pangarsa, gegujengan, tetembungan, geguritan, lan maneka warna seni budaya Jawa. Redhaksi sampun sarujuk kaliyan isinipun lan kantun nerbitaken kémawon.

**ATUR  
SAPALA**

*Assalamu`alaikum wr. wb.*

**S**ugeng pinanggih malih para maos. Kados pundi pawartosipun para kadhang, mugè tansah pinaringan karahayon sarta karaharjan, aamiin. Alhamdulillah, bingah sanget majalah Titis Basa menika sampun ngantos edhisi gangsal welas. Redhaksi tamtu tansah ngaturaken agenging panuwun kaliyan para panyerat saha para maos sadaya ingkang sampun kintun naskah amrih nguri-uri majalah punika tetep saged terbit ing saben semesteripun.

Redhaksi tansah nyuwun donga lan restu saking para pinisepuh lan sedherek mugè majalah Titis Basa punika saged dados salah setunggaling majalah ingkang lestantun ing basa daerah. Redhaksi boten kirang-kirang ngaturaken agenging panuwun dhumateng Bapak saha Ibu ingkang sampun kintun naskah kagem majalah punika. Edhisi gangsal welas punika wonten sewelas rubrik kados edhisi sakdherengipun.

Wusana, sumangga para maos kaaturan kintun seratan ing alamatipun redhaksi ingkang sampun kapasang ing sisi kiwa atur sapala. Tamtu, pangajengipun redhaksi, mugè majalah punika tansah saged mbekta manfaat kanggè kita sadaya. Nuwun.







## PAWIWAHAN PENGANTEN ADAT JAWI

Dening:

Drs. Imam Sutardjo, M.Hum.

(Dosen Prodi Sastra Jawa – FIB – UNS Surakarta)

### Pambuka

Upacara adat Jawi ingkang tasih dipunlestantunaken saha dipunngrembakaken bebrayan agung (masarakat) saha dipunpahargya kanthi sae lan saestu dumugi ing wekdal menika, inggih menika: metu (lair), manten (palakrama), lan mati (seda). Anggenipun mahargya wonten ingkang climen (alit-alitan, prasaja); samadya (sedheng), lan wonten ingkang ageng-agengan kanthi prabeya ingkang kathah sanget; gumantung kawontenan saha kekiyatanipun ingkang kagungan kersa.

Jaman sangsaya majeng njalari tataning agesang owah gingsir, saha mahanani kabudayaan Jawi (tradhisi) ingkang sampun ngrembaka sanget tansah kaprabawan kaliyan budaya manca. Kawontenan makaten wau manawi boten enggal-enggal dipunbudidaya saha dipunprayitnani, danguning dangu budaya tradisi saged kasilep lan ical saking lumahing bumi, langkung-langkung para mudha tumaruna ing wekdal menika sangsaya tebih kaliyan budayanipun piyambak, saha sami gandrung lan ngegungaken budaya manca.

Wonten jagading pewayangan dipuncariyosaken nalika Patih Prahastha nembe tilem, kedadak *Sekar Dewaretna* ingkang kajagi dipunpendhet Kapi Pramuja, lan pedhangipun kapendhet Anila. Patih Prahastha sareng wungu saking nendra (tilem) enggal-enggal (sigra) ambujung lampahipun wanara kekalih, nanging boten saged kacepeng. Kanthi dhasar lelampahan

menika mratelakaken, amargi lena saha kirang prayitna, satemah Patih Prahastha kecalan ingkang dados tanggel jawabipun.

Semanten ugi anjagi tetilaran utawi warisan budyaning bangsa kedah ingkang saestu lan waspada, supados boten ical kados pakartinipun Patih Prahastha. Langkung-langkung anggenipun anjagi *nilai-nilai* (piwucal-piwucal) salebetipun budaya tradisional. Prakawis menika jumbuh kaliyan ketetapan MPR No.II/MPR/1983/ babagan GBHN, ingkang mratelakaken: *Nilai budaya Indonesia yang mencerminkan nilai luhur bangsa, harus dibina dan dikembangkan guna memperkuat penghayatan dan pengamalan Pancasila, memperkuat kepribadian bangsa, mempertebal rasa harga diri dan kebanggaan nasional serta memperkokoh jiwa kesatuan.*

### Ancasipun Tiyang Palakrama

Tiyang palakrama makaten ingkang baken pados tentreming manah tentreming bebrayan, atat runtut, rukuning bebrayan, saha saged nurunaken wiji sejati kanthi linambaran suci weninging ati, boten namung nuruti hardaning napsu. Supados turunipun saged dados putra ingkang utama, bekti dhateng (Gusti, tiyang sepuh, marasepuh, sedherek-sedherek, guru saha sesaming agesang), saha saged migunani tumraping agama, nusa lan bangsa. Kados ingkang kaserat wonten *Serat Wulang Reh*, anggitan Ingkang Sinuhun Pakubuwana kaping IV, pupuh V sekar *Maskumambang*, pada 8-9:



“Inggang dhihin rama ibu kaping kalih/  
marang maratuwa/ lanang wadon kaping katri/ lan  
marang sedulur tuwa//

Kaping pate marang guru kang sayekti/  
sembah kaping lima/ marang gustinira yekti/  
parincene kawruhana//”

Wontening *Serat Sasangka Jati*  
dipunterangaken:

“Sumurupa, anggonira padha tinitah aneng  
donya, awujud priya saweneh dadi wanodya, iku  
kinarya lantaran pencaring wiji (jiwa), kanthi  
subasita lair batin. Priya dadi lantaran tumrapping  
Suksma, dene wanodya kang anggarba (madhahi)  
tumuruning Roh Suci, mula sinucekna kalawan  
tata susila, manut tatanan esahing salaki rabi.  
Binabarna kanthi sucining pangesthi, murih bisa  
anurasi tedhak ingkang utama, kang ora bakal  
anguciwani dadi isen-isening praja, mituhu ing  
kuwajiban, lair batin pinesu temen ing janji, temah  
jinurung dadi pangruwating bangsa, pinayungan  
ing nugraha sihing Gusti” (Soenarto, 1960: 181).

Tiyang palakrama manawi namung  
linambaran hardaning napsu badhe nuwuhaken  
turun utawa wiji ingkang kirang utami, remen  
damel kapitunaning liyan. Tuladhanipun  
wontening cariyos pewayangan, inggih menika  
palakramanipun Begawan Wisrawa kaliyan Dewi  
Sukesi ingkang nurunaken putra awon  
tumindakipun saha rupinipun (Dasamuka,  
Kumbakarna, Sarpakenaka, Wibisana). Tuladha  
sanepun inggih menika lairipun Bathara Kala  
(putranipun Bathara Guru kalihan Dewi Umayi,  
rikala nganglang jagad lan sami nitih Lembu  
Andhini). Pramila wontening *Serat Centhini* Jilid  
I, kaca: 94-99, ngemot utawi ngewrat *wewarah  
asmara* utawi *Kadis Saresmi*.

“Lawan aja asanggama/ wektu pajar nora  
becik/ lamun dadi larenira/ tuna liwat watekeki/  
lan aja karon resmi/ nalika tengange iku/ kalamun  
dadi bocah/ dadi juru teluh ugi/ lawan aja  
sanggama malem riyaya//

Ping tri lamun dadi bocah/ duraka mring bapa  
bibi/ lawan aja asanggama/ malem ing riyaya iki/  
besar kalamun dadi/ bocah siwil adatipun/ lan aja  
asanggama/ ingkang katlorong hyang rawi/ lamun  
dadi bocah adoh begjanira// (Sinom, pada 4-5).

## 1. Lampah-lampahing Pawiwahan

Ngrembag lumampahing upacara  
pawiwahan penganten adat Jawi ingkang  
lumampah saha katindakaken ing wekdal menika  
sayektosipun boten gampil, amargi kawontenan  
kitha saha dhusun satunggal lan satunggalipun  
boten sami, bebasan *desa mawa cara negara  
mawa tata*, tumantung ageng alitipun anggenipun  
mahargya pawiwahan. Sedaya menika boten sanes  
awit saking kiyating naluri ingkang parikedah  
linampahan, kabekta anggenipun ngestokaken ila-  
ila ujaring para leluhur, ingkang tansah pinundhi-  
pundhi dumugi sapriki (samenika).

Tiyang nindakaken palakrama mujudaken  
salah satunggaling upacara adat (daur hidup).  
Manut peprincen tuwin reroncening tatacara  
upacara, malakramakaken putra kakung utawi  
putri menika nglangkungi pinten-pinten tataran,  
inggih menika:

- a. *Utusan*: tiyang ingkang kautus dening tiyang  
sepuhipun calon (badhe) panganten kakung  
saperlu ngawontenaken pirembagan kaliyan  
tiyang sepuhipun calon (badhe) panganten  
putri. Utusan menika asring kawastanan  
*congkok* ingkang wigatosipun salar utawi  
nakokake calon (badhe) panganten.
- b. *Nglamar*: nglajengaken pirembagan, ingkang  
ateges sampun wonten pasarujukaning para  
calon (badhe) besan. Nglamar menika saged  
katindakaken kanthi srana ngaturaken serat  
utawi congkok (utusan) matur kanthi ijoan  
utawi lisan. Salebetipun nglamar sami  
netepaken dinten, tanggal, wulan kangge  
dhauping panganten, ingkang asring  
kawastanan *gethak dina*.

Ing jaman samenika limrah mawi  
upacara *liru kalpika rukmi* “tukar cincin” calon  
penganten kakung/ estri, minangka tandha  
pepacangan. Namung ugi kathah upacara liru  
kalpika rukmi katindakaken rikalanipun bibar  
ijab utawi sakbibaripun ngayahi upacara akad  
nikah.

- c. 7 (pitung) dinten saderengipun tempuking  
damel dipunwontenaken dhapukan panitya,  
ingkang asring sinebat *Kumbakarnan*  
(rubukan, klumpukan, atak ulem).



Kumbakarnan menika dipunadani wonten griyanipun ingkang badhe mantu. Kanthi ngaturi para sesepuh/ pinisepuh, sanak kadang, tangga tepalih, saperlu kadhapuk dados panitya. Sedaya wau gumantung karsanipun ingkang badhe mantu, ageng-agengan menapa climen (reringkesan). Salebetipun Kumbakarnan, para kaneman (nem-neman) sinaraya ngideraken serat ulem (serat sedhahan).

d. 2 (kalih) utawi 1 (setunggal) dinten ndungkap tempuking damel nindakaken :

1) Pasang tarub, tuwuhan utawi pasren (prekawis menika gumantung papan utawi panggenanipun, wonten dalemipun piyambak menapa wonten gedhung)

2) Siraman (ngedusi calon utawi badhe panganten) Wanci siraman mendhet titimangsa ingkang maton (mawi petangan). Inggang nindakaken siraman para pinisepuh ingkang tasih wonten sesambetanipun kulawarga.

3) Paes: palarapanipun calon utawi badhe panganten estri sinungging paes warni cemeng, ingkang nindakaken juru paes utawi dhukun panganten sabibaripun upacara siraman. Caranipun rekma ing athi-athi lan sinomipun kapagas sakedhik, supados amimbuhi kasulistyaning warni. Upacara menika wonten ingkang mastani *dialub-alubi* (perangan menika ugi ngungkap kawontenan).

e. Sedalu saderengipun tempuking damel, dipunwontenaken :

1) Midadareni utawi Pangarip-arip Inggih menika malem badhe dumugining pahargyan pawiwahan panganten. Ing malem midadareni menika ugi sampun ngrawuhaken tamu, utaminipun para sesepuh. Ngungkap tabuh 19.00/20.00 utawi tabuh 23.00/ 24.00 kalajengaken upacara tumedhaking utawi panebusing kembar mayang winangun, saha upacara wilujengan midadareni.

Salebetipun nindakaken upacara midadareni menika calon panganten kakung nyantri utawi rawuh wonten griyanipun calon utawi badhe panganten estri kairing sawetawis para kaneman.

Cak-cakan panebusipun kembar mayang wonten warni kalih :

a) Katindakaken dening dhukun panganten minangka panebus utawi ingkang ngupadi kembar mayang, saha ingkang kajibah tengga kembar mayang.

b) Wonten ingkang katindakaken dening paraga piniji, saha mawi upacara jangkep; wonten ingkang apindha dhalang kanthi ingiring gangsa (tape recorder). Inggang kapiji utawi nebus kembar mayang kanthi pangiring sacekapipun, sarta wonten ingkang maragani minangka panguwaosipun kembar mayang.

Wontening upacara panebusing kembar mayang limrahipun mawi kidungan saha gineman.

Reroncen kembar mayang menika asring sinebat *Sekar Kalpataru Dewandaru Jayadaru*, ingkang yasa para widadari cacah pitu, ingkang kaprahipun lajeng sinebat *sekar mancawarna*. Sekar adi mancawarna menika kajawi kinarya nugraha kangge ngicali utawi mberat sukertaning jagad, ugi kangge ubarampenipun panganten. Isining sekar adi mancawarna (kembar mayang Kalpataru Dewandaru) wau mengku pasemon :

(1) Oyodipun winastan *bayu bajra*, minangka pasemoning kekiyatan, tegesipun panganten kedah kiyat lair batosipun, amrih gesangipun saged teguh santosa, boten gampang kasempyok ing pangrencana.

(2) Witipun nama *purwa sejati*, dados pasemon wiwitaning mangun



gesang bebrayan linambaran kiyat sentosaning batos, ingkang tundhonipun bebrayan linambaran kiyat sentosaning batos, ingkang tundhonipun bebrayan saged ayem tentrem, kalis ing godha rencana.

- (3) Pangipun sinebat *keblat papat*, minangka pasemon mugijumangkahing pada panganten anggenipun ngupadi kabetahaning agesang tansah pinaringan gancar lan gampil.
- (4) Ronipun sinebat *pradapa mega rumembe*, gegambaripun badhe tumurunipun toya jawah, toya minangka salah setunggalipun kabetahaning para titah.
- (5) *Sekaripun* winastan *Dewadaru Jayadaru*, minangka pasemon pangawakaning estri.
- (6) *Uwohipun* sinebat *daru utawi kilat*, kinarya pasemon sipating estri sasampunipun winengku priya, ginadhang sageda nuwuhaken (ngewohaken) putra.

Sangandhapipun sekar mancawarna wonten *degan kalih* utawi *sajodho*, ingkang isi toya wening ingkang sampun meneb; minangka pralambang panganten sarimbit dados kulawarga ingkang tansah pinaringan cipta lan penggalih ingkang wening saha meneb (dewasa).

Sekar mancawarna (kembar mayang) menika boten kenging tinumbas ing arta, nanging cekap linuru ing sarana: "sadak lawe sajodho, klasa bangka (tilam lampus), saha kedah kawangsulaken"

## 2) Majemukan

Upacara wilujengan ingkang katindakaken sabibaripun upacara panebusing kembar mayang. Upacara

majemukan asring sinebat wilujengan midadareni, amargi sami nyenyuwun murih wilujengipun sedaya ingkang badhe dipunayahi.

### f. Dinten Tempuking Damel (Pahargyan Pawiwahan)

Lumampahing tatalaksana pawiwahan utawi pahargyan panganten menika saged katindakaken:

- 1) Kanthi Ijab saha Panggih
- 2) Kantun Dhaup (Panggih)
- 3) Sampun Ijab saha Panggih, kantun pahargyan.

#### a) Tatacara Ijabing Panganten

Ijabipun calon (badhe) penganten menika wonten werni kalih, inggih menika:

- (1) Mara: manawi ijabipun wonten Kantor Urusan Agama;
- (2) Muter: ijabipun wonten dalemipun panganten estri, kanthi ngrawuhaken pengulu naib

Calon (badhe) penganten kakung putri salebetipun ngayahi upacara ijab manawi sampun mawi ngagem busana jangkep, wangkingan kedah kalolos rumiyin kaliyan ingkang sampun kajibah, inggih menika *panyimping ijab*.

Lenggahipun calon (badhe) penganten saha para ingkang sami kawogan, adhedhasar kapitadosan utawi agami ingkang rinasuk. Upaminipun ingkang ngrasuk agami Islam:

- (1) Pengulu (naib): lenggah sisih kilen majeng mangetan
- (2) Calon penganten: lenggah sisih wetan majeng mangilen (ngajengaken pangulu). Dene tata lenggahipun calon penganten kakung sisih tengen, estri sisih kiwa.
- (3) Wali: lenggah sisih kananipun calon penganten (sisih ler majeng mangidul)
- (4) Para saksi: lenggah sisih kerengipun



calon panganten (sisih kdul majeng mengaler)

Sabibaripun upacara ijab sesebatan calon (badhe) penganten sampun ical boten kangge lan boten dipun-ginakaken malih.

b) **Sabibaring upacara ijab**, manawi upacaranipun katindakaken wonten dalem utawi mesjid, tasih wonten upacara sanes, inggih menika :

(1) Panganten sarimbit kajumenengaken, saperlu ngayahi liru kalpika rukmi ingkang dipunsekseni pengulu

(2) Penganten kakung putri ugi nampi pustaka pikukuhing palakrama (*surat nikah*) saking pengulu. Menawi panggarapipun *surat nikah* dereng purna, upacara menika tetep katindakaken sanajan namung sinamudana. (salebetipun nindakaken upacara ijab calon penganten kakung ngaturaken utawi masrahaken mas kawin langkung rumiyin, miturut kekiyatanipun).

Sabibaripun upacara ijab manawi boten kapanggihaken utawi dhaup, panganten kakung putri lajeng kalenggahaken wonten sasana kursi rinengga. Namung manawi wonten upacara panggih saha sanesipun, panganten kakung kairing wangsul dhateng sasana palereman, dene panganten putri kairing mlebet ing bale mayang arum.

c) **Upacara Dhaup (Panggihing) Panganten**

Cak-cakanipun upacara panggihing panganten, inggih menika :

(1) Sadaya ubarampe panggih sampun kacawisaken

(2) Upacara panggih menika limrahipun mapan wonten wiwaraning sasana wiwaha

(3) Menawi sedayanipun sampun tumata, panganten putri nembe kakanthi

saking sasana rinengga tumuju dhateng wiwaraning sasana wiwaha, kairing para ingkang sampun kapiji.

(4) Inkang mangarsani nindakaken upacara panggihing panganten limrahipun dhukun (rias) penganten.

(5) Tumindakipun upacara panggihing penganten menika :

" Wonten ingkang namung kanthi jawat asta (salaman utawi *bersalaman*)

" Wonten ingkang sami nglangkahi *ron kluwih*, supados panganten kekalih tansah pikantuk kaluwihan samudayanipun.

Upacara panggihipun panganten jangkep manut tilaranipun tiyang sepuh (leluhur) ingkang tasih limrah katindakaken ing wewengkon Surakarta ngantos sapriki (samenika), inggih menika :

(1) Panganten kakung putri sami balang-balangan gantal, godhang kasih godhang tutur,

(2) Panganten kakung putri sami mancik atau *menginjak pasangan*, ingkang sampun kalemekan roning pisang raja sapapah (perangan menika limrahipun manawi katindakaken wonten dhusun)

(3) Panganten kekalih nyaketi tigan ayam, tumuli panganten kakung amidak tigan ayam ngantos pecah. Panganten putri lajeng sumembah saha mijiki sukunipun panganten kakung mawi toya ingkang dipunwadhahi ing bokor kencana (*sekar setaman*)

(4) Panganten kekalih jumeneng jajar sumandhing saperlu kaunjukan toya wening ingkang winadhahan *kendhi pratata*.

(5) Panganten kekalih kinepyok *sekar mancawarna*



(6) Panganten kekalih dipunsingepi *sindur* ingkang warnipun abrit pethak, ingkang nindakaken ibunipun panganten putri utawi dhukun panganten ingkang manggihaken;

(7) Penganten kekalih tumuli kairing manjing sasana rinengga saha kalenggahaken, panganten kakung wonten sisih tengen utawi kanan, panganten putri wonten sisih kiwa utawi kering;

Ubarampe sakwingkingipun sasana kursi rinengga, kacawisaken pipisan, tilam lampus, cuplak (*damar senthir*).

Wonten cara sanes, nalika panganten nembe nindakaken upacara panggih, ramanipun panganten putri siyaga jumeneng wonten sangajengipun sasana rinengga, cinaketan satunggaling paraga piniji ingkang ngampil baki, isi sangsangan sekar melati rinonce. Salajengipun panganten kakung putri sowan ingkang rama, tumuli kinalungan sekar rinonce kasebat, nembe kalenggahaken wonten sasana rinengga dening ramanipun panganten putri. Upacara menika dipunwastani wisudhan panganten.

**d) Upacara Adat sabibaripun Panganten Panggih**

Inkang dipunwastani upacara adat (krobongan) tumrapping panganten inggih menika upacara ingkang katindakaken sabibaripun panganten dhaup (panggih). Dene cacahipun upacara adat (krobongan) menika wonten sekawan :

1) Kacar kucur, panganten kakung maringi rejeki kanthi wujud arta receh linambaran klasa bangka dhumateng panganten putri. Pralambang tanggel jawab dhumateng kulawarga tansah tekun makarya pados sandhang pangan.

2) Dulangan, kanthi ngasta (ngepel) sekul pethak, lajeng kadulangaken cekap kaping sepisan. Piring wadhah

sekul lan lawuh lajeng katangkep, ingkang dipunwastani “gambuhan”. Mengku tuntunan panganten sageda tansah manunggal, sih-sihan, ingkang mahanani sedaya ingkang sinedya dadya, ingkang kaesthi dadi, jumbuh kang ginayuh, sembada ingkang sinedya, lan kasembadan sedaya gegayuhan. Sabibaripun ngayahi upacara dulangan, dipunlajengaken ngunjuk rujak degan, ingkang kapendhet saking klapa ingkang wala (nembe uwoh sepisan).

3) Timbangan, ingkang katindakaken ramanipun panganten putri. Minangka pasemon : rama ibunipun panganten putri anggenipun agrengkuh dhumateng putra panganten kekalih, boten emban cindhe emban siladan, kaanggepa putra piyambak, sanes putra mantu.

4) Sungkeman, ingkang dipunsungkemi panganten kekalih kejawi rama ibunipun panganten putri tuwin rama ibunipun panganten kakung, ugi para eyangipun menawi tasih sugeng.

**e) Upacara Kirab**

Werdinipun upacara kirab (santun pangageman), inggih menika panganten sekaliyan saderengipun ngayahi darmaning gesang bebrayan, mengku bale griya, perlu ngawuningani sedaya tanggel jawabipun (jejibahanipun) langkung rumiyin. Pramila lampahipun kirab kaangkah miyos saha nglangkungi pandhapi, gadri (emper), pawon, sumur, nembe tumuju dhateng sasana santun busana. Upami ratu kedah ngawuningani wewengkon jajahan nagarinipun.

Upacara kirab menika saestu ngemba adat kraton, ingkang katindakaken nalika jumenengan nata. Kirab tumrapping narendra menika nyata edi, endah, agung, mrabawa, saha ngelam-elami. Pramila tiyang palakrama ingkang katindakaken



kanthi pawiwahan (ageng-agengan), pangantenipun asring sinebat *hari nata*, tegesipun madeg raja namung sedinten.

1) Peprincening Kirab

Menggah kirabipun panganten menika wonten warni kalih, inggih menika:

a) **Kirab Kanalendran**

Busananipun :

- 1) *Basahan* (gerbong kandhem), ngagem kampuh utawi dodot, makutha mathak (klawu), lancingan cindhe.
- 2) *Singkepan* (kanigaran), jas tutup ngagem dhasi, nanging boten kakancingaken, warninipun kuluk cemeng.
- 3) *Langenarjan*, jasipun wingking cekak, ngajeng bikakan, ngagem rompi, dhasi kupu, nyamping, saged ngagem kuluk utawi dhestar.

b) **Kirab Kasatriyan (Pangeran)**

Busananipun jas cekak sesekaran utawi polos pinarada benang rukmi, boten ngagem kuluk, nanging namung dhestar, bedhahanipun ugi winastan kasatriyan.

2) Lampah-lampahing Kirab

a) Cak-cakanipun kirab I (kanalendran) menika warna-warni kadosta:

- (1) Paraga pamethuk sami sawega caket wiwaraning sasana pawiwahan, jumeneng jajar kalih-kalih (kajawi subamanggala), lajeng sami lumampah kanthi dupuniringi gendhing tumuju dhateng sangajenipun sasana rinengga. Sasampunipun dumugi, lajeng piyak nganan ngering (ajeng-ajengan),

subamanggala tumuli sasmita dhumateng panganten kekalih, saperlu jengkar saking palenggahan.

- (2) Wonten malih cara kados ing nginggil, nanging tanpa dipuniringi gendhing, cekap kairing rerepen (tembang macapat) utawi mawi sulukan, dening paraga ingkang sampun piniji.

- (3) Tanpa pethikan, sedaya paraga pamethuking kirab sampun sami satata wonten sangajenipun sasana rinengga, kantun bidhal.

Menggah tataning paraga kirab menika urutanipun :

- (1) Subamanggala (cucuking lampah), cacahipun 1
- (2) Manggalayuda (satriya kembar), cacahipun 2
- (3) Patah sakembaran (patahing panganten), cacahipun 2
- (4) Panganten kekalih (kakung putri)
- (5) Putri dthomas, cacahipun 8
- (6) Para warga wandawa (kakung putri), cacahipun 3-4 sarimbit
- (7) Besan (rama ibunipun panganten kakung)
- (8) Panutuping kirab, ingkang amengku damel (rama ibunipun panganten putri)

b) Kirab II (Kasatriyan)

Kirab kasatriyan menika pangiringipun sami kados kirab I (kanalendran), inggih mawi putri dthomas saha para warga wandawa (sanak kadang), ingkang beda namung agemanipun panganten sekalian.



**f) Sabdatama**

Sabdatama (wasita adi, wursita tama, ular-ular, pitutur luhur) dhumateng panganten kekalih menika sejatosipun sanes utawi boten kalebet upacara baken. Pramila, saupami boten dipunadani, inggih boten dados menapa. Wondene manawi dipunwontenaken dhasaripun ingkang paring sabdatama menika priyantun ingkang wasis micara, mumpuni paramasastra, badhe mimbuhi kawibawanipun upacara pawiwahan.

Suraosipun sabdatama kajumbuhaken kaliyan kawontenanipun panganten kekalih (prajurit, guru, wiraswasta, seniman, ilmuwan, lss).

Tuladha kangge sabdatama :

- 1) “Ingarasan wantya-wantya/ astanira kang kanan dencepengi/ lah engeta sira masku/ mulane ginawanan/ driji lima puniku ta araniipun/ ing sawiji-wijinira/ jejempol ingkang rumiyin//

Panuduh kaping kalihnya/ kaping tiga panunggul ranireki/ manis ingkang kaping catur/ jejenthik kaping gangsal/ kawruhana mungguh semuning Hyang Agung/ wong wadon wus ginawanan/ dalil panganggone estri//”

(Centhini Jilid I, *pupuh* 81, tembang Pangkur)

- 2) Rukuna panganten kalih/ denkadya mimi mintuna/ awya swala ing kaptine/ eka praya nambut karya/ ngabdi nuswa lan bangsa/ rerentengan runtung-runtung/ karya sengseming sesama// (*Asmaradana*, kudangan).

**g) Donga Raharja (Donga Pamuji)**

Donga pamuji asring katindakaken ingkang ngaturaken sabdatama, namung saged katindakaken priyantun utawi tiyang sanes.

**h) Pawiwahan Paripurna**

Panganten kekalih kakanthi rama

ibunipun utawi paraga ingkang sampun kapiji siyaga wonten sangajening sasana rinengga (wiwaraning sasana), saperlu jawat asta saha dherekaken konduripun para tamu.

5 (gangsal) utawi 7 (pitung) dinten sasampuning tempuking damel, dipunwontenaken sepasaran kanthi sarana :

- 1) Wilujengan (kenduren), minangka pratandha raos suka sukur konjuk ngarsanipun Pangeran, dene sampun kalampahan anggenipun mengku damel tansah pinaringan wilujeng.
- 2) Maringi nama sepuh dhumateng panganten, kinarya pepenget rehning sampun dados tiyang sepuh, pramila supados langkung ngatos-atos sedaya tumindakipun
- 3) Panganten kahundhuh mantuk dhateng tiyang sepuhipun panganten priya (kakung), minangka pralampita tiyang sepuhipun panganten priya dhumateng tangga tepalih, bilih anakipun jaler sampun ngemong sisihan (mengku bale griya). Pramila kalamangsanipun wonten perlu “ngundhuh panganten”.

**i) Panutup**

Tatacara saha upacaraning pawiwahan panganten adat Jawi ing laladan Surakarta dumugi sakmenika tasih dipuntindakaken bebrayan agung, sanajan sampun boten sami saha boten jangkep malih, kados ingkang katindakaken wonten salebetipun karaton. Pahargyan saha pawiwahan panganten ing wekdal menika katindakaken kanthi ringkes utawi prasaja, papan setunggal lan sanesipun boten sami, ngengeti kawontenanipun ingkang amengku gati.

Saderengipun upacara panggih, asring dipunwontenaken upacara sasrahan utawi pasrahan, inggih menika masrahaken sedaya ubarampe ingkang dados adat (tatacara) ingkang lumampah ing kitha



utawi dhusun. Wujudipun ubarampe mawarni-warni, inggih menika :

- " Ubarampe wajib: panjang ilang; majemukan;
- " Pamesing: arupi ageman (sarung, rasukan, lan sanes-sanesipun), mliginipun menawi tasih gadhah eyang.
- " Palangkah: mligi kangge sedherek sepuh (kakung, mbakyu) manawi calon panganten putri nglangkahi sedherekipun sepuh
- " **Kudangan:** minangka pamundhutipun calon besan (tiyang sepuhipun calon panganten estri)

Wonten ingkang sanes kudangan, namung minangka pangaji-aji saha paningset; upaminipun arta, sangsangan, sesupe, paningset limrahipun pangagemanipun kangge calon panganten putri saha ubarampenipun ingkang rinengga pepethan maneka warna.

Pasrah saha panampining panganten kakung. Upacara menika wonten ingkang kadadosaken setunggal kaliyan pasrah ubarampe tatacara adat, namung wonten ingkang pisah (ngungak kawontenan). Panganten nembe kapanggihaken.

Rawuhipun besan sapangiring limrahipun sabibaripun pasrah ubarampe tatacara adat saha paningset.

### Dudutan

Pahargyan pawiwahan panganten adat Jawi ing jaman globalisasi utawi *milenial* menika pranyata tasih gesang, lestari, saha dipunuri-uri sarta tasih sami katindakaken bebrayan agung (masarakat) Jawi. Anggenipun nindakaken utawi mahargya wonten ingkang climen (alit-alitan), samadya (*sederhana*), lan wonten ingkang ageng-agengan; gumantung kawontenanipun ingkang kagungan kersa. Urut-urutan utawi rantamanipun tatacara pahargyan pawiwahan panganten ugi wonten ingkang ringkes, sedheng (samadya), lan wonten ingkang jangkep; kados ingkang sampun

kaandharaken menika. Wondene mapanipun pahargyan pawiwahan panganten ugi boten sami; wonten ingkang manggen wonten griya (dalemipun) piyambak kanthi masang tarub utawi kajang, lan samenika ingkang limrahipun mapan wonten gedhung. Malah menawi pesen gedhung kedah setaun saderengipun, supados boten kebak. Menika mratandhani bilih upacara suci Panganten adat Jawi wonten masarakat tasih ngrembaka sanget.

Sedaya urut-urutanipun tatacara (adicara) pahargyan pawiwahan panganten menika pranyata isinipun ngemot pitutur luhur, puji pandonga raharja dhumateng panganten, supados anggenipun ngayahi gesang bebrayan saged widada lan lestari ing salami-lami, kathah berkahipun Gusti. Saestu pikantuk wahyuning jodho, tansah manunggal cipta rasa karsa lan karyanipun; dumugi kaken-kaken ninen-ninen, tansah atut runtut renteng-renteng reruntungan wiwit wonten donya dumuginipun alam delahan; saha piningan putra ingkang utama, bagya mulya, luhuring budi lan migunani dhumateng tiyang sepuh, sesami, agami saha nagari.

### Kapustakan

- Kamajaya. 1991. *Serat Centhini Jilid I*. Yogyakarta: Yayasan Centhini.
- Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Pakubuwana IV. Ed Darusuprpta. 1985. *Serat Wulang Reh*. Surabaya: Citra Jaya.
- Soenarto. 1960. *Serat Sasangka Jati*. Surakarta: Paguyuban Ngesti Tunggal.
- Sosrohadi Kusuma, Rama Panji. 1984. *Tatacara Adat Jawi Surakarta*. Sala: Sri Rejeki.





## CARANIPUN NGGEGULANG BUDI PEKERTI TUMRAP SISWA (GENERASI MUDHA) LUMANTAR PIWUCALAN BASA JAWI

Dening : Drs. Imam Riyadi, M.KPd.  
(Guru SMP Negeri 1 Kanigoro – Kabupaten Blitar)



### A. Pambuka

Ing salebeting jaman globalisasi kemajenganipun *teknologi informasi* tansaya ngrembaka. Kathahipun budaya manca ingkang lumebet dhateng negari Indonesia anjalari bilih sedaya peranganing gesang bebrayan ngalami owah gingsir, kalebet unggah-ungguh, subasita, watak, saha gayanipun para manungsa. Pangaribawa budaya *teknologi informasi* (kadosta televisi, radhio, internet, lan sapanunggilipun) celak sanget kaliyan para putra (generasi mudha); tundhanipun kapribaden budaya timur (budaya Jawi) ketinggal sangsaya luntur, kapribaden budaya manca kados-kados tuwuh ngrembaka. Pramila ing wekdal menika kathah kedadosan ingkang cengkah lan boten jumbuh kaliyan budayanipun piyambak, ingkang adamel tintrimipun tiyang sepuh. Kedadosan-kedadosan ingkang nalisir saking tumindak kautamen, kadosta pasrawungan ingkang bebas tanpa wates, tumindak sedheng, padudon antawisipun para siswa/mahasiswa, lan sanes-sanesipun asring ngrenggani pawartos-pawartos wonten ing televisi. Tiyang sepuh rumaos kuwalahan saha kawratan menawi badhe anggula-wenthah kapribaden ingkang pinuji, budi

luhur utawi pakarti ingkang utami dhumateng para putra wiwit wonten ing kulawarga, pawiyatan (sekolah), punapadene wonten ing bebrayan agung (masyarakat).

Kangge ngawekani panggula-wenthahipun para putra ingkang saya dangu langkung rekaos menika, *triwiyata* (kulawarga, pawiyatan, saha bebrayan agung) kedah katindakaken kanthi sesarengan (*terpadu*). Piwucalan wonten ing kulawarga katindakaken dening tiyang sepuh kekalih saha sedaya anggota kulawarga ingkang wonten griya. Piwucalan wonten bebrayan agung (masyarakat) katindakaken dening tokoh-tokoh masyarakat saha lingkungan ingkang sae. Tugasipun guru anggula-wenthah saha anggladhi para putra wonten ing salebeting piwucalan. Bab menika wigatos sanget supados para putra dados generasi ingkang anggadhahi kapribaden ingkang pinuji (pinunjul), kapribaden sejati (*jati diri, identitas*) ingkang kiyat saha sentosa, budinipun luhur, asih tresna dhumateng sesami, saged dados sarjana ingkang sujaneng budi, saha dados satriya pinandhita. Sedaya gegayuhan kalawau saged dipunpersudi lumantar basa, sastra, saha kabudayan Jawi tetilaranipun para leluhur.



## B. Perlunipun Pendidikan ingkang Nengenaken Budi Pekerti

Kedah dipunakeni bilih generasi mudha wekdal samenika gampil sanget kebrongot manahipun (gampil *emosi*) saha langkung nengenaken kekiyatan ototipun tinimbang akal pikiranipun. Kedadosan padudon (*tawuran*) antiwisipun para siswa boten namung ngemungaken tumrap siswa SMP lan SMA kemawon nanging sampun ngantos sumrambah dhateng para mahasiswa (kampus). Kedadosan punika nrenyuhaken sanget. Menawi dipungatosaken awis-awis sanget kepara malah dereng nate nyumurupi wontenipun *demonstrasi* ingkang katindakaken kanthi santun saha boten ngganggu tiyang sanes. Nalika wonten *demonstrasi*, sampun kenging dipunmesthekaken menawi tansah ngganggu tiyang sanes. Lajeng tuwuh pitakenan, *demonstrasi* ingkang dipuntindakaken mahasiswa punika menapa saestu kangge mbela kepentinganipun rakyat, menapa namung utusanipun utawi titipan saking para pejabat?

Kejawi saking punika pawartos ngengingi tumindak durjana kadosta: maling, mbrandhal, ngrampok, apus-apusan, kasus narkoba, sarta kasus-kasus brutal sanesipun ingkang katindakaken dening para siswa (*kaum terpelajar*) pranyata saben dinten tansah kepireng lan ngrenggani pawartos-pawartos wonten ing koran, radhio, saha televisi. Sedaya kedadosan kalawau ugi tansah ndadosaken satunggaling pitakenan, kenging punapa bab menika kok saged dumados? Menapa donyaning pendhidhikan (wiwit saking SD ngantos pawiyatan luhur) sampun boten mualaken tata kasusilan lan budi pakarti, boten dipun-gegulang raos asih kinasihan, saha punapa sampun nglirwakaken wontenipun karukunan ing antawisipun sesami? Menapa menika samenika? Sistem pendhidhikan ing negari kita samenika? Utawi menapa menika daya pangaribawanipun saking tindak-tandukipun para pejabat ingkang sampun boten kenging kangge panutan?

Menawi dipunpenggalih, wontenipun tumindak KKN (*korupsi, kolusi, lan nepotisme* ing negari Indonesia pranyata dipuntindakaken dening para priyantun ingkang pinter saha anggadhahi tataran pendhidhikan ingkang inggil (gadhah titel wiwit sarjana, dhoktor, ngantos profesor).

Cethanipun, kawontenanipun bangsa Indonesia ingkang morat-marit nandhang krisis *multidimensi* ing babagan ekonomi, politik, sosial, budaya, saha ing babagan pendhidhikan punika pranyata kathah-kathahipun katindakaken dening para priyantun pinter ingkang nate sekolah wiwit SD ngantos pawiyatan luhur kepara malah wonten ingkang sekolah ngantos dumugi manca negari.

Samenika menawi wonten lare nakal, lare sekolah ingkang sami padudon utawi gelut, tumindak kriminal, lare sekolah ingkang boten ngertos unggah-ungguh saha boten ngertos tata krami, lan sapanunggilipun, menika ingkang dipunlepataken sekolahan. Sekolahan dipunanggep boten saged ndhidhik saha nggulawenthah para siswanipun, saengga ndadosaken lare-lare sami nakal saha boten ngertos subasita, kamangka tanggel jawab ing babagan pendhidhikan menika boten namung tugasipun sekolahan kemawon nanging ugi dados tanggel jawabipun tiyang sepuh kaliyan masyarakat.

Kangge nyiyapaken generasi mudha ingkang nggadhahi kapribaden ingkang pinuji saha kapribaden kang sejati, luhur bebudenipun, asih tresna dhateng sesami, saged dados sarjana ingkang sujaneng budi, saha dados satriya pinandhita pranyata mbetahaken sanget pendhidhikan ingkang nengenaken budi pekerti.

Menapa sesambetanipun pendhidhikan kaliyan *nasibipun generasi penerus*?

Pendhidhikan mujudaken satunggaling alat utawi sarana kangge nggembleng saha nyiyapaken *sumber daya manusia* ingkang unggul saha nggadhahi moral ingkang sae. *Sumber daya manusia* ingkang wonten samenika mujudaken kaca benggala, kados pundi asilipun pendhidhikan ingkang sampun lumampah minangka kangge sumbang surung tumrap kemajengan utawi kemunduran satunggaling negari. Menapa kahanan ingkang sampun dumados wonten ing negari Indonesia samenika sampun mujudaken asil sumbang surungipun pendhidhikan nasional ingkang sampun lumampah?

Inggih menika pendhidhikan ingkang nasional ingkang nengenaken moral (budi pekerti) inggih menika pendhidhikan ingkang saged nggembleng utawi ndhidhik generasi mudha wiwit



saking SD ngantos pawiyatan luhur sageda nggadahi budi pakarti utawi moral ingkang sae. Lumampahing pendhidhikan saged ndadosaken para siswa tumuju dhateng kadiwasan, mandhireng pribadi, nggadahi raos tanggel jawab, nggadahi raos isin, gunemipun boten mencla-mencle, jujur, tindak-tandukipun sae, luhur bebudenipun saengga sasampunipun lulus utawi tamat saking pendhidhikan boten nggantugaken malih dhateng kulawarga, masyarakat utawi dhateng negari. Nanging kosok wangsulipun, sasampunipun tamat sekolah lajeng saged mbangun negari sarana mbudidayakaken sakathahing raja brana asil wulu wetuning bumi Indonesia. Kanthi mekaten bangsa Indonesia dipunsungkani dening donya internasional. Menawi asilipun pendhidhikan kados mekaten ateges bangsa Indonesia sampun boten nggantugaken malih utangan saking manca negari. Saengga negari manca boten sasekecanipun anggenipun tansah ndhikte dhateng bangsa Indonesia.

### C. Caranipun Nggegulang Budi Pakarti utawi Tata Krami

Donyaning pendhidhikan (mliginipun SD, SMP, saha SMA) sapunika kados-kados namung dipunrepotaken kaliyan lumampahing kegiatan pamucalan (*proses belajar-mengajar*), ngantos kesupen maringi pendhidhikan moral dhateng para siswa. Pendhidhikan budi pakarti, tata kasusilan, pendhidhikan kesopanan, unggah-ungguh, saha subasita ing salebetipun pagesangan kados sampun dipunlirwakaken. Samenika ingkang dipunpentingaken biji rapot ingkang sae, biji ujian akhir nasional murni ingkang unggul, ngantos biji UAN punika ingkang dipun-dadosaken ukuran sae botenipun lembaga pendidikan miturut sistem pendidikan nasional wekdal sapunika. Menawi kahanan ingkang kados punika boten enggal-enggal dipunewahi saged mbebayani sanget dhumateng para generasi mudha. Tiyang sepuh wonten ing kulawarga, tokoh masyarakat wonten ing lingkungan, sarta guru wonten ing sekolahan kedah saged manunggalaken sedya kangge nindakaken ewah-ewahan ndandosi budi pakartining para generasi mudha ingkang sampun ngalami *krisis multidimensi* punika.

Tiyang sepuh sarta sedaya anggota kulawarga wonten ing griya kedahipun mujudaken

satunggaling perangan ingkang gadhah tanggel jawab ndherek nyengkuyung pendhidhikanipun para putra. Nanging wekdal punika jejer ingkang sepuh kathah ingkang kirang migatosaken pendhidhikanipun para putra wonten ing dalem. Salah setunggal sababipun inggih punika wiwit sami repot dhateng urusan pakaryanipun piyambak-piyambak saperlu kangge ningkataken kabutuhan lahiriyah (kadonyan). Akibatipun, lingkungan kulawarga boten saged nancepaken nilai-nilai budi pakarti sarta boten saged ndadosaken kapribaden dhumateng para putra lumantar pendhidhikan kulawarga.

Guru ingkang kajibah nindakaken pamulangan wonten ing sekolahan ugi dipuntuntut tugas-tugas ingkang awujud mucalaken kawruh kangge ngasah lantiping intelektual. Piwucalan budi pakarti wonten ing sekolahan samenika sampun dipunbusek. Sinaosa makaten sajakipun lumantar instruksi saking menteri pendidikan dan Kebudayaan (kala semanten Mendiknas) sajakipun badhe nggesangaken malih pendhidhikan budi pakarti. Mugi-mugi ada-ada punika enggal maujud lan enggal kaleksanan.

Tokoh masyarakat sarta para pangarsaning praja ingkang kedahipun saged dados pandam pandoming kawula dasih kados-kados sampun arang sanget ingkang kenging kangge patuladhan. Para generasi rumaos kawratan pados patuladhan saking para pemimpin lan para pangarsaning praja. Kamangka lumampahing *teknologi informasi*, rumasuking budaya manca, tatacara panguripan modhern, sarta kemajenganiing jaman ingkang tansaya ngrembaka tansah paring pamgaribawa dhumateng para putra. Menawi kados mekaten kedahipun tiyang sepuh wonten ing dalem, bapak ibu guru wonten ing pawiyatan, saha tokoh masyarakat utawi para pangarsaning praja kedah sareng-sareng paring piwucal dhumateng para generasi mudha lumantar nilai-nilai adiluhung saking basa, sastra, lan budaya Jawi..

### 1. Lumampahipun Pendhidhikan Budi Pakarti ing Kulawarga

Kulawarga mujudaken panggenan panguwenthahing para putra ingkang kapisan lan paling utami kangge nancepaken tata krami, budi pekerti, lan kapribaden ingkang sae. Dipunwastani panggenan ingkang kapisan amargi lare punika



saderengipun srawung kaliyan tiyang sanes langkung rumiyin sesambetan lan serawungan kaliyan sedaya anggota kulawarga (Purwo, 1990:101-103). Wiwit nalika taksih wonten kandhutan, lair, nalika taksih alit ngantos diwasanipun boten saged uwal saking pasrawungan kaliyan kulawarga. Salajengipun dipunwastani penggenan ingkang utama amargi tatakramining pasrawungan sarta paugeran-paugeran saking lingkungan kulawarga punika saged maringi daya pangaribawa ingkang ageng dhumateng tumindakipun lare wonten ing pagesangan bebrayan agung (Gordon, 1984:6). Upaminipun lare ingkang dipundhidhik lan ageng wonten ing salebetipun kulawarga ingkang *harmonis* lan *demokratis* temtunipun badhe dipuntiru lan dipunwarisi dening putra-putrinipun. Kawontenan punika jumbuh kaliyan paribasan kacang mangsa ninggala lanjaran, tegesipun tindak-tandukipun tiyang sepuh badhe dipuntiru dening para putra-putrinipun.

Miturut Magnis Suseno (1984:45) lingkungan kulawarga mujudaken panggenan ingkang paling sae kangge ndhapuk kapribaden sarta mucalaken ilmu-ilmu sosial dhumateng para putra. Lumantar pendhidhikan kulawarga lare-lare saged nyinau budi pakartining bangsa ingkang sesambetan kaliyan tatakrami, tata caranipun lenggah, tata caranipun nedha-nginum, tata caranipun ngangge busana, tata caranipun salaman, lan sapanunggilipun.

Pamanggih punika ugi dipunsengkuyung dening Hildred Geertz (1985) bilih ing salebetipun bebrayan Jawi sampun tuwuh ngrembaka piwucalan tata krami, tumindak kurmat-kinormatan ingkang tumuju dhateng tatanan utawi tumindak sosial ingkang sae. Lumantar pendhidhikan budi pakarti wonten ing salebetipun lingkungan kulawarga lare saged ngraosaken lan saged kaperbawan saking kahanan sarta kawontenan ing salebetipun kulawarga. Kahanan kulawarga ingkang sae utawi awon saged merbawani tumindak lan pakartinipun dhateng lare.

Panggulawenthahing tiyang sepuh dhateng para putra kedahipun katindakaken kanthi sae. Pendhidhikan punika kedahipun sampun dipunwiwiti nalikanipun lare taksih alit. Ing

lingkungan kulawarga tiyang sepuh kedah saged nancepaken pangerten ngengingi samukawis ingkang sae sarta leres dhumateng para putra nalikanipun taksih alit, kadosta ngajaraken tata krami lumantar tradhisi ndongeng, lumantar wontenanipun dolanan kangge lare-lare, ngajaraken kadospundi caranipun gesang kekadangan, sarta kadospundi tatacaranipun gesang wonten ing bebrayan.

Ing salebetipun lingkungan kulawarga wonten tata aturan ingkang kedah dipunlampahi utawi kedah dipuntebihi dening sedaya anggota kulawarga. Pramila para putra kedah dipundhidhik kadospundi caranipun saged nindakaken tata aturan ingkang sampun katemtokaken. Kanthi mekaten para putra saged ngulinakaken dhisiplin dhateng dhiri pribadinipun piyambak, ngatur dhiri pribadinipun, saha tumindak adhedhasar pakulinan-pakulinan ingkang sae.

Satunggaling tuladha pitutur luhur ing salebetipun *Serat Wulangreh*, ingkang ngandharaken bilih kulawarga punika mujudaken panggenan kangge: piwucalan pasrawungan, piwucalan tatakrami, piwucalan watak/kapribaden, piwucalan norma sosial, piwucalan ngengingi tuntunan tumindak sae lan awon, sarta piwucalan agami. Tugasipun kulawarga nggulawenthah sarta maringi piwucal kautamen ingkang kapisan lan ingkang utama. Menawi tiyang sepuh klentu anggenipun nggegulang budi pakarti tumrap para putra akibatipun saged nyulayani lan mbebayani.

Nggulawenthah para putra supados saged nggadhahi watak dhisiplin punika kedah ngatos-atos sanget. Sampun ngantos lare-lare saged dhisiplin amargi wontenipun raos kepeksa. Ing salebetipun nggegulang budi pekerti ing lingkungan kulawarga sampun ngantos kanthi cara dipunpeksa, dipunajrih-ajrihi kepara wontenipun ancaman dhateng para putra supados purun nglampahi menapa ingkang dados kersanipun tiyang sepuh. Tiyang sepuh anggenipun nancepaken budi pekerti kedah kanthi cara mbikak pamikiripun putra, kados pundi sagedipun sadhar saha paham dhateng pundi tumindak-tumindak ingkang kedah dipuntindakaken lan pundi ingkang kedah dipunsingkiri. Kejawi saking menika lare-lare kedah mangertos menapa saenipun saha kapitunanipun menawi nindakaken samukawis



ingkang dipuntindakaken.

Kangge ndhapuk generasi ingkang nggadhahi watak sarta kapribaden ingkang luhur dipunwiti saking lingkungan kulawarga. Ing salebetipun lingkungan kulawaraga tiyang sepuh kedah saged nuduhaken tumindak utawi patrap ingkang leres lan sae sampun ngantos lare dipundhidhik utawi dipunkulinakaken kanthi cara ingkang kasar (*kekerasan*). Wonten saperangan tiyang sepuh ingkang caranipun ndhidhik putranipun taksih ngginakaken cara-cara ingkang kasar sarana mulasara putranipun nalika ingkang putra tumindak lepat. Piyambakipun nggadhahi pamanggih bilih cara-cara kasar punika kaginakaken kangge nancepaken tumindak teges (*sikap ketegasan*) nanging pranyata malah kajebak dhateng tumindak ingkang kasar utawi *sikap kekerasan*. Nancepaken *sikap ketegasan* dhateng lare punika boten kok kedah ngginakake cara-cara ingkang kasar (*sikap kekerasan*) ingkang awujud ngajar utawi mulasara lare, amargi menawi lare menika dipunajar wekasanipun saged tuwuh raos *dendam*, lan *dendam* punika mujudaken satunggaling tumindak kasar. Prayoginipun *sikap ketegasan* punika mujudaken pendhidhikan ingkang nengenaken wontenipun tata aturan utawi paugeran, menawi lare tumindak nyimpang saking paugeran lare punika saged dipunparingi paukuman ingkang asipat *edukatif (mendidik)*. Wujud paukuman ingkang *edukatif* punika ingkang mbentenaken antawisipun tumindak kasar (*kekerasan*) kaliyan tumindak teges (*ketegasan*). Paukuman ingkang awujud *ketegasan* ndadosaken lare saged nyadhari saking tumindakipun ingkang lepat kalawau lan mbok bilih paukuman kalawau kenging kangge maringi piwucal dhumateng para putra. Kanthi mekaten nggadhahi raos sadhar bilih menapa ingkang dipuntindakaken pancen lepat, wekasanipun boten badhe dipunbaleni malih.

Inkang saged dipuntindakaken kulawarga salebetipun ndhidhik budi pakarti dhumateng para putra wonten tigang prekawis, inggih punika: sepisan, wontenipun raos tanggel jawab. Sinaosa kawontenanipun kulawarga kirang *harmonis* nanging menawi kulawarga punika nggadhahi tanggel jawab ingkang ageng temtunipun anggenipun ndhidhik putra-putrinipun ugi katindakaken kanthi sae. Kaping kalih, paring patuladhan ingkang sae. Jejering tiyang sepuh


kedahipun saged maringi patuladhan ingkang sae dhumateng para putra. Sedaya tindak-tanduk sarta patrap tumindakipun tiyang sepuh badhe dipuntiru dening para putra. Dene kaping tiganipun, pasrawungan (*komunikasi*) ingkang aktif. Bab pasrawungan (*kumunikasi*) prayoginipun katindakaken kanthi aktif lan ajeg. Sasaged-saged tiyang sepuh kedah nglohangaken wekdal kangge sesrawungan kaliyan para putra sinaosa nggadhahi keribetan ing pakaryan. Kanthi mekaten tiyang sepuh saged gampang anggenipun nancepaken pendhidhikan budi pakarti dhateng para putra.

Jinising budi pakarti ingkang saged dipuntancepaken dhumateng para putra ing salebetipun kulawaraga inggih punika: (a) nilai-nilai karukunan ing antawisipun sesami; (b) nilai ketaqwaan lan keimanan dhumateng Gusti; (c) kurmat-kinormatan ing antawisipun anggota kulawarga; sarta (d) pakulinan-pakulinan ingkang sae upaminipun bab kedhisiplinan.

## 2. Lumampahipun Pendhidhikan Budi Pakarti ing Sekolah

Jejibahanipun sekolah kedahipun boten namung ningkataken kapinteran *intelektual* kemawon, nanging kedah saged ningkataken watak lan kapribaden ingkang sae (upaminipun jujur, dhidiplin, tanggel jawab, wicaksana, lan sapanunggilipun). Sedaya punika saged dipuntindakaken wonten ing salebetipun pendhidhikan budi pakarti. Lumampahing piwucalan pendhidhikan budi pakarti saged madeg dados pelajaran piyambak utawi dipunlebetaken dhateng materi piwucalan senesipun (*integrated learning*). Menawi dipuncampur lan dipunlebetaken (*diintegrasikan*) kaliyan materi pelajaran sanesipun guru kedah saged milah lan milih budi pekerti punapa ingkang saged dipunwucalaken. Menawi pendhidhikan budi pekerti madeg dados pelajaran piyambak, kedah wonten guru ingkang mligi mucal pendhidhikan budi pakarti. Salebetipun nggegulang budi pakarti ingkang prelu dipun-gatosaken inggih punika bilih pendhidhikan budi pakarti mujudaken tumindak (*behavior*) sanes kawruh (*knowledge*) pramila anggenipun nggegulang dhumateng para siswa prayoginipun kanthi cara paring patuladhan sanes pamucalan.







Kuwalitasipun budi pakartining para generasi mudha wekdal sapunika pancen mrihatosaken sanget. Kathah siswa ingkang boten ngertos tatakrami, tumindakipun nyimpang saking ajaran agami, boten nggadhahi raos kurmat dhateng guru, asring nerak angger-anggering (tata tertib) sekolah, kirang mangertos raos kaendhan lan karesikan, dumadosing padudon antawisipun pelajar, lan sanes-sanesipun. Inggang njalari kahanan punika boten langkung inggih amargi tumindakipun guru anggenipun maringi piwucalan dhateng para siswa namung maringi kawruh ingkang asipat *kognitif* kemawon, dene aspek *afektif* lan *psikomoripun* dipunlirwakaken. Pendidikan budi pakarti boten kok namung ngapalaken tetembungan lan ukara-ukara ingkang ngandhut pitutur luhur sarta saged mangsuli pitakenan-pitakenan ujian kemawon nanging ingkang paling wigatos inggih punika patrap lan tumindak kesaenan ingkang dipunlampahi dening para siswa.

Inggang paling kathah nggadhahi jejibahan nggegulang budi pakarti tumrap para siswa ing sekolah inggih punika guru. Supados guru saged dipunremeni dening para siswa, ingkang kedah dipun-gatosaken inggih punika patuladhan saking dhiri pribadinipun guru piyambak. Ing salebetipun nindakaken piwucalan, guru kedah ngginakaken cara ingkang sae saha nengenaken moral lan budi pakarti ingkang luhur. Guru wiwit SD ngantos pawiyatan luhur nalika mucal kedah tansah nengenaken budi pakarti saha tindak-tanduk ingkang sae, jujur, tumindak adil boten emban cindhe emban siladan (pilih kasih), taqwa dhumateng Gusti Allah, boten gampang meksa dhateng para siswa, kedah sabar (boten gampang duka), dhisiplin, boten pados menangipun piyambak (boten *arogan*), saha kenging kagem panutan tumrap para siswa.

Gegandhengan kaliyan tugas lan kuwajibanipun guru ing salebetipun pendhidhikan budi pakarti, kejawi guru kedah saged maringi patuladhan kedahipun saged ngajak lan mbekta para siswanipun supados ngalami ewah-ewahan ing babagan patrap lan tumindak tumuju dhumateng manungsa ingkang nggadhahi budi kang luhur. Supados tujuwan punika saged kasembadan kahananipun sekolah kedah sae (tertib, aman, sarta tumata kanthi). Para siswa dhisiplin nglampahi tata tertib kanthi sae, guru

nindakaken jejibahanipun kanthi kebak tanggung jawab, mekaten ugi kepala sekolah kedahipun tansah maringi pitedah sarta bimbingan dhumateng para guru sarta para siswa supados nindakaken jejibahanipun piyambak-piyambak.

Supados piwucalan budi pakarti ing salebetipun sekolah saged lumampah kanthi sae cara ingkang saged dipun-ginakaken wonten tiga, inggih punika: (a) ngginakaken prinsip patuladhan saking para guru, lan sedaya stap ing sekolah; (b) ngginakaken prinsip rutinitas salebetipun nindakaken samukawis; lan (c) prinsip kesadharan ing salebetipun tumindak jumbuh kaliyan nilai-nilai budi pakarti ingkang dipunajaraken.

Menawi guru ngepengini supados para siswa anggadhahi moral ingkang sae, jujur, tindak-tanduk ingkang sopan, ngertos unggah-ungguh, nggadhahi raos isin, saha boten namung mentingaken kepentinganipun piyambak, pramila jejer ing guru utawi tiyang sepuh wiwit wekdal sapunika kedah saged maringi patuladhan dhumateng para putra/siswa, kados pundi caranipun tumindak ingkang sae, jujur, tindak-tanduk ingkang sopan, ngertos unggah-ungguh, nggadhahi raos isin, saha boten namung mentingaken kepentinganipun piyambak.

Cara sanesipun kangge nancepaken piwucalan budi pakarti ing sekolah saged kanthi cara kegiatan-kegiatan ingkang sae, upaminipun nembang, nari, saha sarasehan (dhiskusi ingkang isinipun babagan budi pekerti). Salajengipun kedah dipun-gatosaken lan dipunbiji kados pundi asilipun, wonten ewah-ewahan menapa boten tindak-tandukipun para siswa saben dintenipun. Ewah-ewahan tindak-tandukipun para siswa menika pancenipun boten saged dipunukur mawi biji ingkang awujud angka, nanging awujud ewah-ewahan sikep, tumindak, saha salah bawa ingkang tansaya sae. Guru kang minangka dados punjering sedaya kegiatan pancen kedah saged kenging kangge patuladhan saestu ("guru" kudu kena digugu lan ditiru). Jejer ing guru kedahipun tansah ngugemi lan negcakaken tetembungan "*ing ngarsa sung tuladha, ing madya mangun karsa, tut wuri handayani*" ingkang saged dipundadosaken lelandhesan kangge nancepaken budi pekerti lan tata krama dhateng para siswa. Ing ngarsa sung tuladha, menawi wonten ngajeng guru kedah dados



patuladhan kanthi tumindak ingkang luhur, sopan santun, tepa selira, sarta ngajeni dhateng tiyang sanes. Ing madya mangun karsa, menawi wonten ing satengahing para siswa kedah maringi pitutur saha pitedah supados para siswa saged nindakaken menapa ingkang dados piwucal babagan budi pekerti. Tut wuri handayani, menawi wonten wingking guru kedah saged maringi panjurung, motivasi utawi dhorongan semangat supados para siswa sami gumregah nindakaken tindak-tanduk bebuden luhur jumbuh kaliyan tuntutan piwucal babagan budi pekerti.

### 3. Lumampahipun Pendhidhikan Budi Pakarti Ing Salebetipun Pamucalan

Caranipun nanem budi pekerti ing salebipun pamucalan, guru kedah saged nylempitaken piwucal budi pekerti ing saben-saben materi piwucalan. Kathah sanget materi piwucalan ingkang saged kaginakaken kangge nggegulang budi pekerti. Saged lumantar cariyos (dongeng, cerkak, crita rakyat, crita pewayangan, lan sapanunggilipun), tembang (tembang dolanan utawi macapat), tetembungan utawi ukara kang ngandhut pitutur luhur (sesanti, paribasan, bebasan, saloka), sarta lumantar materi khusus ingkang kajumbuhaken kaliyan materi pelajaran ingkang dipunwucalaken.

#### a. Piwucal Budi Pekerti Lumantar Cariyos

Guru kedah saged milah lan milih crita dongeng utawi cerkak/crita rakyat ingkang isinipun ngenani budi pakarti ingkang sae. Cariyos ingkang kaparingaken dhateng para siswa kajumbuhaken kaliyan tataran *perkembangan* lare (cariyos kangge murid SD temtunipun benten kliyan cariyos kangge murid SMP lan SMA). Kejawi saking menika, guru sekedhik kathah kedah mangertos cariyos wayang utaminipun tokoh-tokoh pewayangan ingkang sae, upaminipun tokoh Pandhawa kanggo nggambaraken paraga ingkang sae, dene kanggo mbandhingaken tokoh ingkang awon saged ngginakaken tokoh-tokoh Kurawa. Menawi guru anggadhahi kaprigelan ndongeng temtunipun lare-lare mesthi remen, tur piwucalan boten mbosenaken kepara malah nengsemaken. Menawi lare-lare sampun ketinggal remen temtunipun gampil sanget kangge nancepaken budi pekerti.

#### b. Piwucal Budi Pekerti Lumantar Tembang

Kathah sanget tembang-tembang ingkang isinipun ngandhut pitutur luhur ingkang kenging kangge nggegulang budi pakarti. Saged awujud tembang dolanan, tembang macapat, utawi tembang-tembang sanesipun.

Tuladhanipun ingkang awujud tembang dolanan:

*Aku arep sinau, sinau basa Jawa  
Basa Jawa iku anggegulang tata krama.  
Tata krama iku, aja dilalekna,  
Budaya kang luhur iku kabudayan Jawa.*

Tuladhanipun ingkang awujud tembang macapat:

*Pocung  
Murid iku wajib bekti lan mituhu,  
pituturing dwija,  
sabarangreh ngati-ati,  
tata krama empan papan katindakna.*

Lan taksih kathah malih tembang-tembang ingkang kenging kangge nggegulang budipekerti.

#### c. Piwucal Budi Pekerti Lumantar Pitutur Luhur

Kathah sanget tetembungan utawi ukara ingkang saged kaginakaken kangge mucalaken budi pekerti, upaminipun: (1) *Becik ketitik, ala ketara*, tegesipun tumindak becik utawa tumindak ala ing tembe buri mesthi bakal konangan. Manungsa kuwi bakal ngundhuh wohing pakarti. (2) *Aja mongkog ing pambombong, aja nglokro ing panyendhu*, tegesipun aja gampang rumangsa seneng yen oleh pangalembana (bisa uga iku mung kanggo abang-abang lambe, kang wekasane bisa njlomprongake), lan aja gampang mutung lan nglokro menawa oleh panyacad saka wong liya (penyendhu kuwi gunakna kanggo mawas dhiri lan pamecut kanggo tumindak kabecikan).

Dene pitutur luhur ingkang awujud tetembungan taksih kathah sanget ingkang saget kaginakaken kangge nggegulang budi pekerti, kadosta: *Ajining dhiri gumantung saka lathi lan budi; Bisaa rumangsa, nanging aja rumangsa bisa; Sapa sing temen bakal tinemu, sapa sing lena bakal kena; Jejering anak kudu bisa mikul dhuwur mendhem jero; Sinau iku mujudake investasi, asile bisa diundhuh ing tembe buri; Aluwung kalah wang tinimbang kalah wong; Dalane waskitha amarga saka niteni; Andhap asor; wani ngalah*



luhur wekasane; Jer basuki mawa beya; Sura dira jayaningrat lebur dening pangastuti; Rukun agawe santosa, crh agawe bubrah; Bisaa mulat sarira hangrasa wani; Gunakna ngelmune pari, saya tuwa saya tumungkul; Aja adigang, adigung, lan adiguna; Yen dijiwt krasa lara aja sok njiwit wong liya; Kandhakna kabecikan lan bebener iku apa anane senajan yen dirasakake krasa pait; Drajat pangkat bisa minggat, bandha donya bisa musna, rupa ayu/bagus bisa luntur, mulane aja kumalungkung; Aja gapang percaya karo tetembungan utawa janji sing manis, jalaran durung karuwan yen mbeciki; Galangan karo golongan iku isih luwih abot golongan; Aja gampang ngremehake pituture wong tuwa kang kebak pralampita; Aja gampang ulap lan kepecut marang gumebyaring kahanan ing alam donya iki; lan taksih kathah malih tuladha sanesipun.

d. Piwucal Budi Pekerti Lumantar Materi Pelajaran

Sasaged-saged guru Basa Jawa sampun ngantos namung mucalaken materi pelajaran ingkang muspra, upaminipun namung ngapalaken jenenge anak kewan, jenenge isine woh-wohan, lan sapanunggilipun. Ing salebetipun pamucalan kedahipun tansah nengenaken piwucal budi pekerti. Saben-saben materi pelajaran mesthi wonten budi pekerti ingkang saged kaparingaken dhateng para siswa lumantar katrangan ingkang kaparingaken dening guru.

Tuladha pakulinan lan budi pekerti lumantar materi pelajaran: (1) Tema bab keluwarga: Karo sedulure dhewe kudu rukun, aja gampang tukaran; Dadi sedulur tuwa kudu bisa ngemong adhi-adhine, aja golek menange dhewe; Yen dituturi bapak, ibu, lan sedulur tuwa kudu digatekake, aja maneni; Ngajenana karo sedulur tuwamu lan tresnanana sedulurmu sing luwih enom. (2) Tema lingkungan: Lingkungan sing resik lan endah bisa njalari krasan sapa wae sing manggon; Aja mbuwang reseg saenggon-enggon; Buwangen reseg ing panggonan samesthine yaiku ing tempat sampah; Lingkungan sing resik lan endah uga bisa nyegah penyakit. (3) Tema pariwisata: Rekreasi kuwi bisa kanggo nglipur ati lan nyegerake pikiran sarta kena kanggo nambah ngelmu utawa kawruh. Mula yen rekreasi aja mung seneng-seneng wae; Menawa rekreasi nganggoa sandhang penganggo sing sopan;

Sadurunge budhal pamitana dhisik karo bapak ibu, nyuwuna idi pangestu; Aja ngrusak barang apa dene panggonan sing ana ing papan rekreasi.

**D. Panutup**

1. Dudutan

Piwucal budi pekerti tumrap para putra menika dados tanggél jawabipun tiyang sepuh, guru, masyarakat, sarta pemerintah. Jejering tiyang sepuh, guru, lan masyarakat langkung rumiyin kedahipun ningkataken budi pakartinipun piyambak-piyambak, lajeng budi pakartinipun para putra. Menawi sedaya kalawau saged dados tepa tuladha tumrap para putra, kula kinten pendhidhikan budi pakarti dhateng para putra saged lumampah kanthi gampang. Ingkang asring pinanggih ing wekdal samenika kathah tiyang sepuh boten saged dados patuladhan tumrap para putranipun, semanten ugi tindak-tandukipun masyarakat asring boten nggadahi tanggél jawab dhateng budi pekerti. Para pangageng (*pejabat utawi aparatur negara*) ugi kathah ingkang nilaraken budi pekerti.

Adhedhasar andharan ing nginggil, yektosipun ingkang paling baken inggih punika kados pundi caranipun nancepaken tata krama lan budi pekerti dhateng para putra lumantar patuladhan. Anggenipun paring patuladhan menika prayoginipun dipunwiwiti saking bab-bab ingkang sepele (bab-bab ingkang alit rumiyin, dipunwiwiti saking dhiri pribadi kita piyambak, lan kedahipun dipunwiwiti ing wekdal samenika ugi (enget: **"konsep 3 M: Mulailah dari hal-hal yang kecil; Mulailah dari diri sendiri, dan Mulailah saat ini juga**).

2. Usul utawi Saran

Minangka usul utwai saran ingkang saget kaaturaken wonten ing ngriki antawisipun: (a) Kangge ngawekani kemerosotaning moral tumrap generasi mudha ing jaman sapunika kedahipun pendhidhikan budi pakarti dipunlebetaken malih wonten kurikulum sekolah. (b) Jejering tiyang sepuh, guru, sarta tokoh masyarakat punapa dene para pangarsaning praja kedah saged maringi tuntunan sarta piwulang budi pakarti tumrap generasi mudha lumantar patuladhan tumindak ingkang sae. (c) Sinten kemawon kedah ngrumaosi gadhah tanggél jawab nindakaken pendhidhikan budi pakarti dhumateng para generasi mudha.



# KI PADMASOESASTRA

## Sastrawan Era Transisi (1843-1926)

Ing mangsa Indonesia badhe mardika, antawis tahun 1870--1900an menika kathah perkawis ingkang medal. Boten namung perkawis politik kemawon, ananging perkawis ingkang nggadahi gegayutan kaliyan kasusastran. Mangsa menika saged dipunwastani kanthi mangsa *transisi*, inggih menika mangsa ing babagan kasusastran *konvensi tradisional* ewah dados *konvensi kasusastran modern* utawi model enggal. *Konvensi sastra modern* menika salah satunggaling aliran kasusastran ingkang sampun kacampanan dening pengaruh kasusastran bangsa Barat utawi bangsa Walanda. Perkawis menika jalaran *sistem pendidikan* dipuncepeng kaliyan bangsa Walanda. Kejawi perkawis menika ing taun 1873 R. Ng. Ranggawarsita ingkang anggadhahi gelar Pujangga Kraton Kasunanan Surakarta Hadiningrat seda.

Sedanipun R. Ng. Ranggawarsita sanalika dadosaken paripurnanipun kasusastran *konvensi tradisional* wonten ing masyarakat, amargi Kraton sampun boten ngangkat pujangga malih wonten ing *sistem ketatanegaraan*. Kejawi mekaten R. Ng. Ranggawarsita dipunsebat mawi Pujangga Paripurna. Ananging lajeng wonten ing mangsa menika ugi muncul satunggaling tokoh sastrawan Jawi ingkang gadahi nama Ki Padmasoesastra.

Ki Padmasoesastra (wonten Widiati, dkk. 2001: 26) nggadahi nama alit Soewardi. Panjenenganipun miyos ing tanggal 21 April taun 1843 putra Abdi Dalem kraton Surakarta, lan ugi taksih anggadhahi keturunan kaliyan Panembahan



Senapati Kraton Kasunanan Surakarta Hadiningrat. Nama Ki Padmasoesastra menika dipunginaaken awit saking piyambakipun tumut lan ngasta kaliyan Van der Pant wonten ing Batavia, dados *penyunting* lan *asisten*-ipun. Senadyan Padmasoesastra boten ngraosaken pendhidhikan Pondok Pesantren, panjenenganipun nalika taksih alit sampun saged maos lan nyerat mawi aksara latin lan jawa.

Panjenenganipun awit yuswa enem taun, sampun dipunwuruhi kaliyan ramanipun ingkang ugi ngasta wonten ing kraton. Panjenenganipun Ki Padmasoesastrami miwiti *karir*-ipun nalika yuswa sangang taun, piyambakipun melebet pegawai *sukarela* wonten ing Kraton kaliyan dipuncepengi jabatan kados ramanipun, inggih menika mantri gedhong kanthi gelar Ngabei Kartadirana. Wonten ing yuswa 18 taun, piyambakipun minggah pangkat dados mantri

sadasautawi *asisten jaksa* kanthi gelar Mas Ngabei Bangsajoeda, lajeng minggah pangkat malih dumugi Panewu Jaksa Sepuh utawi *ketua jaksa* ngantos yuswa 42 taun.

Wonten ing samangsa gesangipun Padmasoesastra nate meguru kaliyan pujangga misuwur, ugi pujangga paripurna inggih punika R. Ng. Ranggawarsita (Supardi, 1961:11 wonten ing Widiati, dkk.). Padmasoesastra misuwur miyos dados tokoh kasusastran mangsa transisi amargi piyambakipun kathah nampik lan ngewahi konvensi sastra tradhisional. Konvensi ingkang sampun dados tradhisi lan sampun dipunwuruhaken dening para



pujangga-pujangga sakdherengipun, kadosta gurunipun inggih menika R.Ng. Ranggawarsita. Padmasoesastra nudhuhaken bilih ewahan seratan kasusastran modhel tradhisional ingkang mawi tembang, dipun gantos mawi gancaran utawi *karangan naratif*. Wonten ingkang mirsani, bilih perkawis menika jalaran Padmasoesastra boten saged nuladha modhel seratan anggitan gurunipun, inggih menika R.Ng. Ranggawarsita, nanging piyambakipun gadhahi panyaruwih bilih menika nedhahaken raos jujur tumrap *pola piki-ipun* dhumateng karya sastra, ingkang miyos wonten ing dhiri pribadhinipun, kang benten kaliyan pujangga-pujanga ageng ingkang sampun dados leluhuripun.

Mula awit saking menika, saged dipun wastani bilih Ki Padmasoesastra ngawiti mangsa keemasanipun minangka sastrawan era transisi. Piyambakipun mastani bilih dhirinipun arupi tiyang kang mardika utawi tiyang ingkang bebas. Semboyan menika ugi asring dipun serat wonten ing anggitan-anggitanipun, ingkang anggadahi arti bilih sastra menika bebas boten katali dening aturan. Mula menika piyambakipun bebasaken karya sastra ingkang ginaaken modhel konvensi tradhisional dhumateng modhel konvensi modern. Salajengipun Padmasoesastra ngasta wonten ing Batavia dados asisten D.F. Van der Pant, salah satunggaling dosen basa Jawa Gymnasium (SMP-SMA) Raja Willem III. Nalika semanten peyambakipun terjun wonten ing babagan *editing* lan *penyuntingan*. Piyambakipun *nyunting* prosa kanthi irah-irahan Bok Randha Guna Wacana anggitanipun Soerjawijaja dados satunggaling anggitan mawi nama Durcara Arja ingkang dipunterbitaken wonten ing taun 1886. Sabubare van der Pant ninggalake Batavia tumuju Belanda, Padmasoesastra ugi kundur dhateng kithanipun Surakarta. Wonten ing ngriki panjenenganipun ngasta dados *staf* Bromartani, inggih menika koran mawi basa Jawa kawitan, ingkang dipundhirikaken dening Carel Frederik Winter kaliyan putranipun Gustaf Winter.

Pengalamanipun saha wasisanipun tambah nalika Padmasoesastra tindak dhateng negri Walanda supados nuprih ngelmu wonten ing taun 1890-1891. kalajeng piyambakipun dipunangkat dados sekretaris A.H.G.J Walbeem, salah satunggaling guru basa Jawa wonten ing sekolah Raja Willem III. Wonten ing taun 1899 panjenenganipun kundur dhaateng Surakarta, lajeng dipunangkat dados Kepala Perpustakaan Museum

Radya Pustaka kanthi gelar Ngabei Wirapoestaka. Wonten ing panggenan menika panjenenganipun ugi dados *penyunting* kalawarti *Sasadhara* lan *Candranthya*, sarta nerbitaken *Waradarma*.

Karyanipun Padmasoesastra ingkang nate dipunserat inggih menika: *Serat Durcara Arja* (1986) yaiku serat kang nyariosaken Randha kang cerdas, *Layang Paramabasa* (1883, 1897), *Serat Urapsari* (1896), *Serat Bauwarna* (1898), *Serat Warna Basa* (1900), *Serat Tatacara* (1907, 1911), *Serat Kancil tanpa Sekar* (1909) yaiku garapan prosa adhedasar teks tembang macapat, *Layang Basa Sala* (1911), *Serat Piwulang Becik* (1911), *Serat Rangsang Tuban* (1912) ingkang dipunserat taun 1900, *Serat Madu Basa Jilid I* (1912) lan *Jilid II* (1918), *Baletri* (1914), lan *Serat Pathi Basa* (1916). Wondene mekaten wonten karya-karyanipun ingkang dipunterbitaken wonten ing mangsa Balai Pustaka, yaiku *Prabangkara* (1921), lan *Kandhabumi* (1924).

Salah satunggaling karyanipun ingkang misuwur inggih menika serat *Rangsang Tuban*, anggitan prosa Jawa ingkang nyariosaken *konflik* dening tigang wanita, ingkang sami nengahaken harkat lan martabatipun. Miturut sawetara tokoh-tokoh sastra mastani bilih anggitan menika dados anggitan ingkang gadahi ciri novel modern. Sanadyan Padmasoesastra gesang wonten ing dhidhikan bangsa Walanda utawi bangsa Barat, ananging serat menika saged nggambaraken pengaruh saking gurunipun R.Ng. Ranggawarsita ingkang ginaaken ragam basasaha kasusastran Jawi kang endah. Pengaruh menika nedahaken *kesinambungan* utawi *relasi* antawis ragam konvensional tradhisional kaliyan ragam konvensional modern, lan ugi dados bukti bilih menika kalebet tokoh sastra mangsa transisi. Saged dipun pendhet dudutan bilih Padmasoesastra menika salah satunggaling tokoh kasusastran ingkang sukses gubah konvensi tradhisional dhateng konvensi modern, ananging taksih ginaaken ragam basa Jawi kang endah kanthi seimbang.

Lajeng wonten ing taun 1920 panjenenganipun dipunangkat malih dados panewu garap utawi *Kepala Tata Usaha* wonten ing kantor pamong praja lan dipunanugerahi nama Ngabei Pradjapoestaka, sekawan taun salajengipun Padmasoesastra pensiun, lan wonten ing taun 1926 panjenenganipun wafat kanthi yuswa 82 taun.

(Ahmad Riza)



## PANGAJI-AJI SUTASOMA BALAI BAHASA JAWA TIMUR 2018 (Ngrabuk Tuwuh Ngrembakanipun Sastra Jawi) Dening: Nono Warnono



### Penganugerahan Sutasoma

Nalika nampi serat ulem saking Balai Bahasa Jawa Timur (BBJT) lumantar serat elektronik, raosipun manah taksih kirang percados. Jer wiwit nyerat ngantos nerbitaken buku ingkang kababar dening Sanggar Pamarsudi Basa Jawi Bojonegoro (PSJB) kanthi judhul “Kidung Langit”, mboten wonten pletiking pengangen kepengin nampi pengaji-aji. Condhongipun manah namung linambaran “klungsu-klungsu yen udhu”, ndherek nglestantunaken basa sastra miwah kabudayan jawi ingkang adi luhung.

Tanggal 17 Oktober 2018 adicara Penganugerahan Sutasoma kagelar ing Gedung Cak Durasim Kompleks Taman Budaya Jawa Timur Jalan Gentengkali 85 Surabaya kanthi rantaman adicara ingkang sengsem sanget saha nuwuhaken raos ngungun. Lakar panggung pagelaran mboten namung ngemungaken asung pisungsum bebana miwah piagam pemenang kewala, ananging ugi karengga-rengga maneka pasugatan panggung. Kawiwitan kanthi ungeling wirama gendhing nganyut-anyut lumantar siter ingkang dipun paragani dening Nyi Rukini saking Bojonegoro. Datan katalompen pementasan seni tari kolosal, sesorah sesulih saking dewan juri, saha kapungkasi pidhato kebudayaan kanthi irah-irahan: “*Sastra Timur Jawa Dalam Konteks Perkembangan Sastra di Jawa Timur dan Nusantara.*”

Lumantar ketua panitia, Ibu Yulitin Sungkowati, M.Hum., kula nembe mangertos bilih Pangaji-aji Sutasoma mboten namung mligi “Kidung Langit” (Karya Sastra Daerah Terbaik).

nanging wonten 7 katagori ingkang dipunapresiasi. Katagori sanesipun katampi dening Komunitas Rabu Sore (Katagori Komunitas Sastra); Suwignyo Adi (Katagori Sastrawan Berdedikasi); Muhammad Iqbal Baraas (Katagori Karya Sastra Indonesia Terbaik); Lilik Rosyida Irmawati (Katagori Guru Bahasa dan Sastra Daerah Berdedikasi); Imam Riyadi (Katagori Guru Bahasa dan Sastra Daerah Berdedikasi); sarta Akhmad Taufiq (Katagori Esai/Kritik Sastra Terbaik).

Dewan juri ingkang sampun nintingi maneka jinis karya sastra saha kiprahipun, pinilih para guru besar, kritikus sastra, sastrawan, miwah pengamat pendidikan. Wonten Prof. Dr. I. B. Putera Manuaba, M.Hum (kritikus sastra Indonesia lan guru besar Fakultas Ilmu Budaya Universitas Airlangga Surabaya); Prof. Dr. Djoko Saryono, M.Pd (kritikus sastra, pengamat pendidikan, lan guru besar Fakultas Sastra Universitas negeri Malang); Prof. Dr. Darni, M.Hum (kritikus sastra Jawa lan guru besar Fakultas Bahasa lan Seni Universitas Negeri Surabaya); Dr. M. Shoim Anwar, M.Pd. (sastrawan, kritikus sastra Indonesia, lan dosen Universitas PGRI Adi Buana Surabaya); sarta Bonari Nabonenar, S.Pd. (Sastrawan Jawa)

Mliginipun antologi “Kidung Langit” ingkang kaserat ngginakaken basa jawi kabiji pikantuk nominasi dening dewan juri karena ngandhut nilai kasusastran (literariness) ingkang onjo, mengku nilai-nilai religi, sosial lan budaya ingkang agung. Sawijining antologi geguritan ingkang kaanggit adhedhasar pengalaman, penghayatan saha kontemplasi ingkang meneb sajroning manah.



### Mula Bukanipun Pangaji-aji Sutasoma

Istilah penganugerahan Sutasoma nembe kawiwitan ing taun 2017, wondene saderengipun taksih ngginakaken istilah ingkang dereng spesifik. Anugerah kawiwitan taun 2009 winastan Penghargaan Balai Bahasa Jawa Timur ingkang dipungagas dening Kepala BBJT periode III Drs. Amir Mahmud, M.Pd, kanthi katagori ingkang winates mligi pangaji-aji kangge komunitas saha sanggar sastra. Ing taun 2018 nalika BBJT periode V ingkang dipunpangarsani dening Drs. Mustakim, M.Hum, katagori ingkang dipunapresiasi tansaya kathah gunggungipun.

Nami Anugerah Sutasoma pinilih kanthi linandhesan mirunggan bilih kadidene buku cariyos ingkang sanget wigati miwah populer ing madyaning bebrayan tanah jawi minangka karya sastra ingkang nyumrambahi ing ndalem memangun peradaban.

Kakawin Sutasoma setunggalipun maha karya sastra wujudipun puisi didaktis saha estetis ingkang tansah nengenaken wigatosipun pamulangan miwah panggulawenthah kanthi datan katalompen ngreksa babagan kaendahan. Sahingga idhe-idhe religiusitas saha kebhinekaan mimbui kaskayaning khasanah sastra jawi kino.

Karya adiluhung Sutasoma ugi sampun keconggh dados daya kekiyatan para founding father anggenipun njejegaken bangsa Indonesia kanthi semboyan Bhineka Tunggal Ika. Semboyan ingkang saget dados tali suh manunggaling maneka suku, basa, lan budaya ingkang anjrah saindhenging Nuswantara.

### Ancas Tujuan Pangaji-aji

Pangaji-aji Sutasoma kadidene pangupaya apresiasi karya sastra mengku pangajab saha gegayuhan nyuprih karya-karya sastra ing Jawa Timur tuwuh ngrembaka. Kaajab ing sawijining







mangsa lair karya-karya ingkang manjila mboten namung winates ing Nuswantara, ananging saget nyumrambahi saindenging ndonya.

Kasunyatan pangaji-aji Sutasoma mboten namung mligi winates ing sastra jawi, ananging menggahipun para pelaku saha pemerhati sastra jawi ageng sanget pigunanipun, kangge nglestantunaken warisan aji ingkang akhir-akhir menika kraos kadheseg kemajengan jaman.

Langkung-langkung sastra jawi ing jaman milenial menika kados tetanduran ingkang tuwuh ing papan panggenan ingkang cengkar sahingga mboten saget ledhung-ledhung ngrembuyung. Betah

rabuk wujud apresiasi panjurung amrihipun para sastrawan tansaya grengseng nyerat karya-karya sastra ingkang mentes. Grengseng nerbitaken buku-buku karya sastra ingkang kasdu nuwuh ngrembakakaken para kaneman anggenipun tresna literasi.

Menggahipun komunitas miwah sanggar sastra, pangaji-aji Sutasoma dados kalodhangan nggrengsengaken, asung panjurung sarta terus ngupaya amrih kiprahipun kuwawi nuwuh ngrembakaken karya-karya sastra mliginipun sastra jawi ingkang adi luhung.





# JURUMARTANI, PANANGSANG (3)

(M.A. Sudi Yatmana, B.A.)

**K**acariyos Sunan Kudus pinuju rembagan kaliyan Arya Panansang. Sunan Kudus ngandika, “Kakangmu ing Prawata lan Kalinyamat *samengko* wis padha mati, nanging durung lega atiku, yen kowe durung jumeneng ratu *amengku* ing Tanah Jawa kabeh. Lan yen isih adhimu Sultan Pajang, dakkira kowe ora bisa dadi ratu, sabab iku kang *makewuhi*.”

Arya Panansang matur, “Manawi pareng ing karsa sampeyan, nagari Pajang badhe kula gebag ing perang, pun adhi ing Pajang kula pejahanipun, supados sampun amakewedi.”

Sunan Kudus ngandika, “Karepmu iku aku ora *mrayogakake*, sabab bakal angrusakake nagara, sarta akeh pepati. Dene kang dadi karepku, adhimu ing Jipang iku bisaa mati *kacidra* bae, aja kaweruhan ing wong akeh.

Arya Panansang matur sakalangkung prayogi, lajeng angutus abdi *kajineman*, sami ngandikakaken nyidra ing Sultan Pajang. *Kajineman* inggih tumunten mangkat. Dhatengipun ing Pajang wanci dalu, lajeng lumebet ing kadhaton, Sultan Pajang pinuju sare, *amujung kampuh*, para garwa sami tilem ing *dagan*. *Kajineman* lajeng narajang anyuduki ing sarosanipun, Sultan Pajang boten pasah, taksih sakeca sare. Sanadyana kampuh ingkang kadamel mujung wau inggih boten pasah, nanging para garwa kaget, tangi lajeng sami nangis anjerit. Sultan Pajang kaget sarta wungu. Wungunipun Sultan wau, kampuh ingkang kadamel mujung *anyampyuk* dhateng *pandung* ingkang sami nyuduki. *Pandung* sami dhawah ing siti agalasan, boten wonten ingkang saged kesah. Sultan enggal *andangu* dhateng para garwa, “Ana apa dene padha nangis pating jalerit. Para garwa matur, “Penjenengan dalem kula wastani sampun seda, amargi dipunsuduki ing *pandung*.”

Sultan enggal amundhut *damar* sarta murugi panggenaning *pandung*, sakawan pisan taksih sami *angglungsar* wonten ing siti, boten wonten ingkang saged *angglawat*. Sultang *andangu*, “Sira iku maling saka ing ngendi lan sapa kang kongkon marang kowe?”. *Pandung* matur *balaka*, Sultan Pajang ngandika malih, “Samengko kowe wis dakapura, nanging *dikebat* tumuli muliha marang Jipang, matura marang gustimu!”

“Enggonmu metu saka ing kadhatonku kene dirikat, sabab manawa kowe konangan marang bocah

nganglang, ora wurung kowe dipateni!”

Maling sakawan nunten sami kaganjar arta lan *busana*, sakalangkung ing bingahipun, boten *nyana* yen dipungesangi, lajeng nyembah sarta mangkat, *lestantun* ing lampahipun, dumugi ing Jipang inggih lajeng matur ing gustinipun, yen lampahipun boten angsal damel. Sultan Pajang sakalangkung *teguh* sarta *sakti*, boten kening *simuwawa*.

## Serat Babad Tanah Jawi (Bhinneka)

### Katrangan tegesing tembung:

1. *samengko* : saiki
2. *amengku* : anguwasani
3. *makewuhi* : ngreribeti, ngalang-alangi
4. *pareng* : kapareng
5. *mrayogakake*: nyarujuki, nocogi
6. *kacidra* : dikrenah, dipitenah
7. *kajineman* : pulisi sandi utawa kapetengan
8. *wanci* : wekdal, wayah, wektu
9. *amujung* : sare mlumah sariranipun dipunsingebi sadaya (turu mlumah awake dikemuli kabeh)
10. *kampuh* : dodod, sinjang wiyar sarta panjang
11. *dagan* : ingkang kaprenah ing suku
12. *anyampyuk* : angengingi, anrajang
13. *pandung* : maling, duratmaka
14. *andangu* : anakeni
15. *damar* : dilah
16. *angglungsar*: glimpangan tetileman
17. *angglawat* : tumandang punapa-punapa
18. *balaka* : walaka, bares, ing saleresipun, wantah (kados ginemanipun lare alit)
19. *dikebat* : dienggal, dicepet, enggala, cepeta, supaya enggal, supaya cepet
20. *nganglang* : ngubengi, rondha, jaga mubeng
21. *busana* : pangangge
22. *nyana* : nginten, nggagas, manah, ndugi
23. *lestantun* : wilujeng
24. *teguh* : kukuh, sentosa, boten pasah ing dedamel, kekah
25. *sakti* : gadhah kalangkungan ngungkuli kodrat, sekti
26. *simuwawa* : dipunlawan, dipuntandhingi



# SARUNG GOYOR

*Dening: St. Sri Emyani*

Ronggo Utomo cekekal tangi saking tilemipun. Amergi, HP *android* hadhiyah saking Sri Sumilir sang pacar nyuwanten sora. Priyantun mudha, gagah, pidegsa saking bumi Purung menika sigra mendhet HP saking nginggilipun lemantun plastik tumbasanwonten toko *Laris Manis* kalih minggu kepengker.

“Inggih menika kawula piyambak Rama.”

” Lha yapadha pinaringan rahayu ta Ronggo?”

“ Angsal donga dalah restu sakingpanjenengan, kawula tansah pinaringan karahayon. Keng Rama piyambak kados pundi? Kawula gantos pitaken.

“ Kesarasanku ya becik, apik. Amung...?” Rama mboten nutugaken pangendikan, kadosipun wontensesanggan.

“ Amung kadospundi ta Rama..?” Kula nyobi pitaken.

“ Enek maling mlebu omahe dhewe.”

“ Wonten griya, kemalingan Rama?”

“ Iya. Mula saka iku, yen ana kalodhangan baliya mulih Ronggo.”

“ Nuwun sewu. Menapa ingkang dipun maling?”

“ Sarung.”

“ Namung sarung kemawon?”

“ Iya.”

*Handphone* ingkang mantun damel tilfun, kula wangsulakenwonten papan panggenanipun melih. Kula gedheg-gedhe. Teng napa namung kecalan sarung kemawon, kok Rama kadosipunkuciwa sanget. Kadhang, Rama Bodronoyo menika kepetang aneh. Kados katilar seda keng Ibu Endang Welas Asih, ngantos samenika kipa-kipa mboten purun

krama. Inggang kula mireng saking para rencang, menawi bapakipun badhe krama melih Putranipun ingkang mboten ngeparengaken. Ananging, kawula malah remen, menawi keng Rama purun nyambut silaning akrami melih. Senaosanamung Ibu sambung, ananging inggih lumayan taksih gadhah Ibu. Ngendikane Rama rikalasesmanten, keng Ibu Endang Welas Asih seda bibar nglairaken kawula.

Wekdal Rama kula kengken palakrama melih, malah ngrangkul kalih ngelus-elus dalah ngaras rikma. Saking lingiring netra sepuh, wonten mutiara mili saurutipun garis pipi dhumawah dhateng pupu kula.

“ Rama muwun nggih?”

“ Ora ngger Ronggo.”

“ Lha menika?” kawula nuding satlemik waspa.

“ Ora, Rama ora petangis. Wis wengi, gage ndang bubuka Ronggo” Kula nyangka, menawi ngendikanipun Rama menika dora. Amergi, wekdal lenggah wonten bangku SMP kaliyan pak Harjuno guru basa jawa natos dipun wucal. Menawi pelajaran basa jawi wonten naminipun ukara dorasembada. Dora werdinipun ngapusi, menawi sembada inggih menika wicaksana. Pramila dora mboten napa-napa, waton kadamel kawicaksanan. Menapa ngendikane keng Rama menika kalebet dorasembada? Sanajan kawula yoga ontang anting, ananging tuhu bektos dalah tresna sanget dhumateng keng Rama. Semanten ugi Rama, ingkang ngrangkep dados Ibu, utawi menawi samenika winastan *single parent* migatosaken sanget dhumateng kawula. Keng Rama Bodronoyo mujudaken purnawirawan guru SD wonten bumi dhukuh Purung. Pramila anggenipun nggulawenthah keng putra, inggih saget damel patuladhan para sagung bebrayan.



Saderengipun wangsul dhateng tlatah kelahiran. Kula badhe dhateng kosanipun Bayutanoyo rumiyin. Rencangkuliyah setunggal jurusan, inggih punika jurusan seni karawitan. Saperlu nedhi tulung, supados mamitaken mboten mlebet kuliyah mbenjing menika.

Sepedhah motor *Shogun* abrit kula *setater* ceg greng. Gas kauntir radi kenceng, supados saget cepet dumugi. “Mak ciiiitttt...!!!!” pedhalrim kula pideg ngeget, amargi wonten Kucing jaler mlajeng nggendring nugel margi, si Garong lokal ingkang nakal sajak kesesa badhe nggandhiki kucing *Fersia* ingon-ingonipun Babah Leo. Inggih untungipun, kawula ajaran sepedhah motor wiwit taksih SD. Pramila, saget mrantasi damel menawi wonten reridhu wonten ing margi. Kados menika wau..

“Thokkk...!!!!Thookkk...!!! Thookk...!!! Kulonuwunnnn...” Kori kosanipun Bayutanoyo kula thothok kaliyan uluk salam. Ananging, namung dipun tampani sepi. Kawula wangsuli melih, tetep sepi.

“Madosi nak Bayu ta?” Wonten tiyang setri setengah sepuh ndugeni.

“Inggih. Bayu napa dhateng kampus ta Bu?”

“Mboten. Enjing wau sanjang kawula, wangsul dhateng Wonogiri. Criyosipun Ibune gerah.”

“Sembah nuwun menawi ngoten. Kepareng pamit Ibu”

“Mangga... Oh inggih, adhik naminipun sinten?. Mangke menawi nak Bayu wangsul,kawula sanjangaken.”

“Ronggo Utomo.”

Menawi ngoten, mbenjing niku Bayutanoyo inggih mboten mlebet kuliyah. Sekedhap ngulir budi. Mak nyut, Kemutan Sukarsi rencang jurusan karawitan ingkang baut nyindhen sregep sanget mlebet kuliyah. Grayak-grayak sak, ati raosipun nat.. nit.. nut.. Kados wonten ingkang kirang. Ya alloh, HP kula kintun . Kudha abrit damelan jepang, cepet kawula gelak mbandhang wangsul dhateng kosan melih.

Alkhamdulillah, HP taksih wetah wonten panggenanipun. Kula kraos ngekos ngantos sekawan warsa menika , amergi inggih aman. Wonten panggenan kosan rencang kula, napa melih HP ingkang kentun,sepatu wonten njawi kemawon saget ical dipun pendhet tiyang.

Liwat tilfun, Sukarsi kenya saking kabupaten Tulungagungsetaget nyambung. Kula nyuwun tulung,Supados mamitaken dhumateng panjenengane bapak profesor Prawiro Tanjak dhosen beksan tradhisi, mbenjing kula mboten saget tumut matakuliyahipun.

Dhompot kawula bikak. Byak! Taksih cekap damel wangsul dhateng bumi dhukuh Purung tlatah kecamatan Panggul- Trenggalek. Wangsul melih *Suzuki* abrit kula bandhangaken dhateng terminal. Sasampunipun katitipaken wonten panggenan penitipan sepedhah motor, kula mlampah dhateng terminal bus. Supados angsal lenggahan, pados bus antriyang wingking kemawon.

“Jreng.. jreng.. jreng.. *Engkau yang cantik.Engkau yang manis.Engkau yang manja...*” Lare remaja ngamen mbuyaraken lamunan. Arta crik gangsal atus saking nglebet sak ngajeng, kula sukakaken. “Matur nuwun, kula dongakaken sehat, slamet ngantos dumugi tujuwan. Inggih mboten nyukani,mugi bablas tilem. Inggih nyukani, mugi dados amal kesaenan ugi saget sugih mblegedhu”

Ngrungokaken pangucapipun pengamen remaja rambut kunci menika, kula mesem sarwi ngucap “Amin”. Nembe ke mawon pengamen remaja mandhap. Mak pencungul wonten pengamen minggah bus melih. Menawi wau namung tiyang setunggal, menika tiyang tiga. Setunggal, mbeta alat musik Kendhang, ingkang setunggal melih Gitar, lha ingkang setunggal melih setri nyepeng Rebab.

“Aja sok gampang dadi wong manis, yen ta amung lamis...” Dhasar suwantenipun sae katambah iringan musik rancag. Saget ndudut manah, ngilangaken lungkrah. Ngrogoh dhompot sak clana wingking, ndudut arta gangsal ewu. Kula sukakaken sapurnaning



tembang.

\*\*\*

Dumugi bumi dhukuh Purung sampun radi sonten. Sang Surya gumlewang mangilen, tanemanipun pantun paman tani, inggih sampun wiwit kuning reming-reming. Sapinggripun desa, wit Klapa kados tinata. Katepasan angin sonten, ronipun ngawe-awe. Kados mangayubagya dumugi kula saking kitha. Wangsul enget, kalih lirik lelagunipun Ebiet G Ade ingkang mawa irah irahan *Cita cita kecil si anak desa*.

Saking tikungan margi, sampun ketawis rama Bodronoyo lenggah wonten dongkrak emperan ngajeng. Kados biasanipun pirsa kula dhateng, Rama gage ngrangkul kalih ngaras pipi dalah rambut. Kebak sih katresnan. Syukur ingkang tanpa pepindhan, nggadhahi tiyang sepah ingkang kados mekaten ageng tresnanipun

“Kepriye, kabeh lha ya apik ta Ronggo?”

“Angsal pandonganipun keng Rama mboten wonten alangan setunggal menapa. Malah *sekrripsi* kula inggih sampun mantun.”

“Syukur mangayubagya putraku Ronggo.” Priyayi sepuh iku bali ngrangkul raket keng putra.

“Ramakados pundi, kok saget sarung Goyor ingkang dangu mboten dipun dalaken saking lemantun menika dipun gondhol maling?”

Saderengipun nyukani wangsulan, mak sruput! keng Rama ngunjuk kopi damelanipun kiyambak. Mboten supe, sinambi bah..boh..udut *klembak menyan* klengenan wiwit kula taksih alit, ngantos samenika.

“Aku pancen wis suwe ora mbubak lemari ndhuwur kang isi sarung iku. Bareng ndak bukak, lhadalah dadi omah Coro. Mula Sarung Goyor iku ndak umbah. Banjur ndak pepe ana ing emperan bale iku” Keng Rama nuding memehan kuna saking kajeng jati. “Mulih saka tegalan, memeyan liyane kaya kaos isih utuh. Lha kok Sarung Goyor tinggalane Ibumu ora ana. Kamangka..?”

“Kamangka dospundi rama..?”

“Engko bakal mangerteni, menawa Sarung Goyor iku wis ketemu Ronggo. Ndang reresika awak dhisik ana ing jedhing. Terus mangana dhisik, aku mau nyambel terong klengenamu ngisore tutup saji. Aku ndak sholat ashar dhisik.”

”Inggih Rama”

Kula thenger-thenger. Kadosipun wonten ingkang sinandhi ngenani Sarung Goyor menika. Nembe pana ugi, menawi sarung Goyor menika tinggalanipun keng Ibu. Taksih wonten pitaken, wonten nglebetipun manah. Lha kok Rama ngendikan, saget mangertosimenawi Sarung Goyormenika sampun kepanggih.

Amergi sayah. wonten sandhingipun keng rama, kula keturon. Tangi sampun subuh, nalika Rama sedya dhateng jedhing wingking.

“Wus tangi Ronggo?”

“Sampun.”

“ayo wudu gek subuhan bareng.”

“Mangga Rama.” Enjing menika makmum sawingkingipun keng Rama. Katentreman kiyambak wonten telenging kalbu.

Sasampunipun sarapan sesarengan, kula pamit Rama badhe ngluru sarung Goyor ingkang ical dipun gondhol maling.

“Ronggo iki sangune.”

“Angsalipun ngintuniarta Rama kala emben taksih kok.”

“Iki kanggo cekelan.” Keng Rama masrahaken arta gangsal atus ewu.

“Kok kathah sanget?”

“Iya jenenge arep gegolekan, kudu nggawa pawitan kang mirunggan Ronggo.” Arta saking Rama kula tampi.

Peken lowak ingkangkadamel sade utawi tumbas barang rombengan utawi barang rosokan menakula ubres. Ngantos ludhes. Pating cruwet suwantenipun para bakul nawakaken dagangan, kados ocheing kukila sesarengan jumedhule sang bagaskara.



Tumapak gagat rahina.

“Mundhut menapa Mas? Jamumenapa obat kiyat kagem priya, dhimen perkasa kados raden Gathukaca!” Mirengaken tawanipun bakul jamu pawakan gendhut menika kawula namung nyekar tebu. Nggleges.

“Napa panjenengan sadayan? Kula purun numbas Mas” Gantos bakul rombeng pawakan ceking sabiting ngutahaken gunem pitaken kalih nggaplek geger semandulur sanget. Kawula namung gedheg-gedheg. Peken rombeng katawis regeng. Napa melih, menawi ngepasi dinten minggu.

Ningali jam tembok wonten tokonipun haji Saman Hudi, sampun jam tiga langkung gangsalwelas. Ingkang kula upadi dereng paja-paja kepanggih. Kula angluh. Klunuh-klunuh ngiyub wonten ngandhapipun wit Kepuh sapinggiripun peken Lowak. Netra ngulati tiyang setri sepuh. Kadosipunpengemis kalih yogane jaler. Kula njola. Kaget. Amergi, wonten sandhingipun gumlethak sarung, inggih menika Sarung Goyoripun keng Rama. Kula pana sanget. Alon, nyobi nyaketi pengemis tuwa menika.

“Nuwun sewu Ibu, sarungipun menika napa dipun sade?”

“Ora ndak dol. Lha iki mau lagi wae olehku tuku..”

“Dospundi, menawi kula gentosi angsal bu?”

“Ora oleh, wong arep tak gawe nyarungi sunatane anakku iki lho” Mungel ngoten pengemis menika, sarwi nyuding putrane ingkang sajak kepranan dolanan boneka gundhul tumbas lowakan.

“Menawi reginipun sarung menika kula undhakaken, priipun Ibu.?”

“Ya wis gene wae, ora sah kok tuku. Menawa gelem, anakku sing arep ndak sunatake iki tukokna sarung anyar. Kepriye..?”

“Ingih, kula mathuk. SarujukIbu.” Kekalihpunkula ajak mlebet plaza mundhut sarung enggal. Malah saking rasa syukur, pengemis dalah putranipun menikakula

pundhutne ageman enggal. Plong, raosing batos longgar. Dhadha kados mekar, pasuryan bingar sasampunipun saget mbeta wangsul sarung Goyor kagunganipun keng Rama.


Saking langgar peken Lowak kapireng adzan ashar. Kados wonten ingkang ngosikaken manah, kepingin sholat ndamel sarung Goyor menika. Kawula simpuh, ngucapaken puji syukur dhumateng ngarsanipun Gusti ingkang sampun ndamel mobah mosikipun kahanan. Mantun sholat, sarung Goyor kawula lempit. Netra kula mlanther ningali tulisan wonten Sarung. Samar-samar, ananging sasampunipun kawula jlmeti ketawis cetha kawaca. Seratan lami punika cobu kawula eja, wonten telenging nurani. *Tresna suci sabaya pati. Bodronoyo Endang Welas Asih.* Sanginggilipun asma, kabubuhaken tapak astanipun Rama dalah Ibu.

Wonten menapa kok kanjeng Rama mboten kersa palakrama malih, sasampunipun katilar seda keng Ibu. Jawabanipun, inggih wonten surasa seratan sarung Goyor menika. Hem... Kasetyaning jiwa panjenengan dhumateng garwa, pantes tinuladha Rama!

\*\*\*

N u w u n

*Panggul-Trenggalek' mancik 2018*



Pengirim

St. Sri Emyani

SMP Negeri 1 Panggul

Jln: Haryana no. 02

Kec. Panggul

Kab. Trenggalek 66364

(HP 081 332 221 004)



## NGGEGEM LAYANG TRESNA

Dening : Puji Wirawan

Udan grimis wiwit jam setengah enem esuk gawe nambah adheme kahanan esuk kuwi, Anggi bocah kenya ayu sing jarene mirip wong Jepang kuwi wis siyap-siyap tumuju kampuse . Tas ireng kanggo wadhah laptop dinggo wadhah buku-buku kuliyahe.

“Kok durung budhal ta ndhuk, mengko kasep”

Mengkono mau pandangune ayahe Anggi sing ngasta dadi satpam Rumah Sakit sing nembe rawuh saka kerjane

“Niki badhe bidhal Pak”.

Karo pamitan ora lali Anggi salaman karo Ayahe.

“Pak kula bidhal, ning perasaanku kok mboten penak ta Yah”.

Ayahe karo ngempet rasa ngantuke, paring wangsulan marang apa sing dirasakake putrane mau, karo ngelus-ngelus rambute, ayahe matur

“Ana apa ta ndhuk?”

“Anu ta Pak, kok kades enten sing ganjel wonten pikir kula, raose kok mamang”.

“Ndonga dhisik supaya slamet, wis pamit ibumu apa durung sampeyan mau ndhuk?”

“Sampun Yah.”

“Apa diterke ayah wae ndhuk?”

“Mboten usah”.

Anggi banjur numpaki sepedha motore, ninggalake ayahe sing isik ngadeg ana emper .

Lelakon sekilo saka omahe, Anggi wis ketemu kanca-kanca kuliyahe ana dalan sing padha budhal neng kampus.

Nalika kurang satus metar saka

gawangan kampus, tase mau dijambret lan kasil digawa mlayu dening jambret

“Jambret...jambret...jambreet...”

Bengoke Anggi karo kanca-kancane mau bebarengan ngagetake wong-wong sing ana sandhinge kono.

Lalu-lalu lintas langsung macet total, kendharaan lan wong sing ngliwati panggon kono mau kabeh padha mandheg. Ora suwi Pak Pulisi uga wis ana kono. Anggi langsung ditulungi.

Kahanan banjur lancar maneh kaya sadurunge, Anggi diinterogasi neng Pos Polisi. Samarine kuwi diterake neng kampuse.

Anggi esuk kuwi urung isa mlebu neng jero kelas, merga kudu crita marang kanca-kancane lan babagan prastawa mau. Sing tambah gawe bingung atine Anggi esuk kuwi yen ta pingin melu pelajaran neng jero kelas buku-bukune ilang merga dijambret. Sidane Anggi ijin lan diterke mulih kancane supaya tenang dhisik lan ora trauma.

Nalika jam sepuluh awan ana piyantun ngagem seragam pegawi mlebu gerbang kampuse Anggi, nemoni *security* dheweke dhawuh arep menhake tas sing isine buku-buku pelajaran sing ana jenenge Anggi Purwanti mahasiswi kampus kene. Dheweke nemu ana pinggir sawah ngarep daleme.

Jambret mau kira-kira kuciwa marang asil jambretane, dikira laptop ning bareng dibukak isine amung buku pelajaran. Saiki buku-bukune Anggi wis temu. Banjur *Pak Security* nelpon Anggi sing lagi teka omah ngabari yen ta tas mau



wis ketemu.

Kedadeyan penjambretan esuk mau isa gawe traumane Anggi, nganti telung dina dheweke ijin ora neng kampus, sabanjure saben budhal lan mulih neng kampus Bangkit cowok *cool* sing dadi kanca rakete sing ngeteraki lan mapak. Nanging kuwi amung sesase wae, sabanjure Anggi wis kendel budhal mulih neng kampus dhewe lan kapok ora nggawa tas wadhah laptop maneh.

\*\*\*\*\*

Tanggal rong puluh sasi Mei iku ngono tanggal laire Bangkit saben taun dhewe ngrayaakke karo kanca-kancane, wis ping telu iki Anggi teka ana ing ulang taune Bangkit. Ora akeh sing diundang, amung kanca-kanca rakete sing teka saben acara ulang taune.

Seminggu papan kanggo acarane wis pesen, semana uga Lilin Band, grup band sing bakal nyanyi ana kono uga ya wis *dibooking*.

Dina Rebo jam pitu sprapat bengi kanca-kancane Bangkit wis padha kumpul ana Cafe Jwalita.

Lagu-lagu saka Lilin Band gawe regenge swasana. Anggi uga wis lungguh sameja karo karo kancane cewek lima Risti, Tika, Yuli, lan Putri pas ana sisih kiwane panggung.

Anggi milih papan lungguh ana kono merga pingin luwih cedhek karo Budi vokalise Lilin Band. Merga wis akrab lan kanca kuliyah uga. Embuh kena apa kok taun iki kok Lilin Band sing diundang nyayi neng ulang taune Bangkit kamangka vokalise kuwi duwe rasa seneng marang Anggi lan semana uga Bangkit dhewe ya duwe rasa seneng marang Anggi. Lan antaraning Bangkit lan Budi iki kaya-kayaa saingan pingin ngrebutne Anggi, ning bocah loro mau padha ora ngomong yenta dhemen marang Anggi. Sejatine Budi kuwi ora seneng yen ta Bangkit cedhek-cedhek Anggi, semana uga Bangkit, umpama isa

nglarang ngono, Anggi kuwi ora oleh kancaan karo Budi, ning piye maneh kabeh status amung kanca wae.

Ora ngira ora nyana nalikane pas puncake acara kabeh padha nyayi *happy birthday to you* banjur Bangkit ndamoni lilin sing ana angkane rolikur terus ngiris roti, lan irisan roti pisanan diwenehake marang Anggi. Budi sing weruh kuwi awake rada adhem panas, sejatine pingin nesu lan maranni Bangkit, dheweke pingin ngomong yen ta dheweke kuwi ya duwe rasa marang Anggi, ning piye maneh rasa kuwi isik disimpen ana dhadha. Budi amung plonga-plongo karo ngempet rasa cemburu.

Jam sepuluh seprapat acara mau wis rampung kabeh bali dhewe-dhewe neng omahe.

Beda karo Budi dheweke milih bablas melek neng omahe kancane kanggo mbuang rasa panas atine mau.

Kaya biasane esuk-esuk bakul koran wis ngeterake koran neng omahe Anggi.

“Matur suwun Pak”

Kandhane Anggi marang bakul koran mau “Ya mbak padha-padha”.

Manuk ingon-ingone ayahe Anggi ngoceh ora leren-leren, ngerti yen ta esuk iku hawane seger banget.

Anggi dina iki kuliyah sore, dadi esuke isa ngancani ana warunge Ibune sing manggon ora adoh saka omahe.

Ngepasi ora ana wong tuku dheweke mbukaki HP adroide. Pranyata ana kiriman w.a saka kancane yen ta jadwal kuliyah dina iki dirubah esuk,

Anggi banjur pamit ibune budhal kuliyah. Merga wektune mepet Anggi kesusu, mari adus banjur macak sacukupe terus budhal.

Ora kaya biasane anggone numpak sepedha motor, esuk iki mbalap banget kaya



pembalap Valentino Rosii. Nalikane kurang rongatus meter saka kampuse, pas mandheg merga lampu merah Yesi kancane sing ana sandhinge ya pas mandheg, celuk-celuk Anggi, kekarone banjur minggir.

“Peneran ketemu neng kene, iki aku dititipi surat saka Dimas. Wis rong dina iki HPne rusak, arep neng gonmu wonge kesusu mburu jadwal tikete”.

Kandhane Yesi marang Anggi karo menehake amplop.

“Matur suwun banget ya, iki aku kesusu, iki pas jam kuliyah *dosen killer* kae lho, sampeyan ora neng kampus ta?”

“Ora, sore kuliyahku”

“Ya wis aku tak neng kampus dhisik ya”

“Ya wis ngati-ati”

Bocah loro mau nerusake lakune dhewe-dhewe.

Nalikane arep menggok nengen mlebu gapura kampuse, Anggi disrempet sepedha motor nganti semapat ora sadhar, lan untunge sing nyrempet gelem tanggung jawab gelem nulung.

Bangkit lan Budi sing pas ana kampus krungu kuwi banjur lomba cepet-cepetan tumuju rumah sakit.

Ing Rumah Sakit kejaba Budi lan Bangkit lan akeh kancane sing wis ngancani. Tangan kiwanesing isih gegem amplop kertas, siset banget anggone gegem. Dening Bangkit amplop mau dijupuk saka tangane Anggi lan disimpen ana sak klambine.

“Sampeyan siapanya si pasien ini Mas”

Takone salah sijine perawat sing ngurusi Anggi

“saya teman akrabnya, nama saya Bangkit”

“Oke Mas, nanti kalau ada apa-apa saya

*menhubungi sampeyan ya”*

“Nggih”

Budi sing ngerti kaya ngono kuwi atine rasane kaya kenekan geni, ning dheweke isane amung meneng wae.

, karo ngenteni sadhare Anggi, Bangkit mlipir alon-alon ninggalake Anggi sing isik semapat. Budi banjur golek panggonan sing sepi kanggo mbukak amplop lan maca layang sing neng jero amplop. Bareng nemu panggonan sing sepi dheweke wiwit mbukak amppop lan layang mau alon-alon diwaca. Kaget bareng weruh apa isine surat mau, pranyata isi surat kuwi surat saka calon bojone Anggi sing ora liya Dimas putrane Pak Rektor, ngabari yenta rong sasi maneh Anggi arep dilamar, saiki lagi numpak prau tumuju wilayah terpencil neng wilayah perbatasan Kalimantan oleh tugas ndadak dadi ora sempat ngabari Anggi dadi amung nulis surat lan ditipake kancane supaya diwenehke Anggi.

Budi sing ngawasi Bangkit tibake wis ana mburine Bangkit lan melu maca isine surate Anggi mau, banjur Budine ngajak salaman.

“Sepurane ya aku wis duwe rasa ora seneng marang awakmu, gara-gara Anggi, tibake Anggi ki wis duwe pacar lan wis serius arep rabi”

“Padha-padha bro, semana uga aku”.

Patang sasi samarine prastawa mau bocah loro mau banjur runtang runtung bareng dadi kanca raket lan padha nekani acara resepsine Anggi sing lagi dadi ratu sedina karo Dimas.

\*\*\*\*\*

Puji Wirawan  
RT 14/RW 04 Mlinjon  
Kecamatan Suruh  
Trenggalek  
Jawa Timur 66366  
HP/wa. 085235524921



## Sinau Saka Kendhi

Dening : Zuly Kritanto

“Khira, sesuk sing nggawa kendhi sapa? Aku apa awakmu?” takone Priyo menyang Khirma kancane nunggal kelompok.

“Yen sing nggawa kendhi awakmu ngono piye, Yo? Aku tak sing gawa samubarang sing bakal dienggo hiasane?” semaute Khirma.

“Ngono ya gak pa pa, kebeneran aku wingi mentas tuku kendhi saka Pasar Kliwon. Ning aku sesuk mung nggawa kendhi tok hlo ya? Liyane dakpasrahake awakmu kabeh!”

“Beres, pokoke.”

Samungkure pirembukan sedhela iku mau. Khirma lan Priyo banjur bali mulih menyang omahe dhewe-dhewe. Kebeneran omahe bocah loro iku mau nunggal dhusun. Lan omahe kalorone ora adoh saka sekolahan. Amarga omahe cedhak klawan sekolahan, mulihe bocah loro iku mau kanthi sarana mlaku. Sinambi mlaku kekarone ngrembug bakal gawe hiasan model piye ing kendhine sing digawa menyang sekolahan sesuk.

“Sesuk enake gawe hiasan model apa ya, Khira?” takone Priyo.

“Aku ya bingung ki? Enake gawe hiasan model apa ya? Gawe sing gambar alam apa gambar kartun, ya?”

“Sik ta sik, kayake luwih apik yen gawe model alam. Jalaran kendhi iku lak ya wadhah banyu. Piye yen sesuk kendhine dhewe dihias nganggo gambar sing mawa unsur banyu. Maksudku digambari pemandangan segara utawa tlaga ngono kayake apik.”

“Ide apik, Yo. Aku usul kepriye yen sesuk kendhine dhewe digambari tlaga sing ana wit-witane gambar kuwi menahi pesen supaya manungsa gelema njaga kelestarian alam supaya persediaan banyu resik tansah jinaga.”

“Usul sing apik kuwi, Khira. Eh, tapi awakmu ngrasa ana sing aneh apa ora marang tugas sing diwenehake

dening guru keseniane dhewe?”

“Maksudmu tugas kanggo sesuk kuwi?”

“Iya.”

“Anehe piye?”

“Ngene. Mosok awake dhewe diwajibake nggawa kendhi lan ora entuk nggawa liyane. Mangka asil kerajinan sing saka lempung iku rak ya akeh ta?”

“Wah, yen iku aku ora ngerti. Nanging aku yakin, Pak Satriyo, guru keseniane awake dhewe tansah nduwe alesan kena apa sing digawa kudu kendhi. Yen awakmu tansah penasaran becike sesuk ditakonake langsung wae!”

“Iya, sesuk bakal daktakonake. Nanging, yen sesuk kelalen tulung aku elingna, ya!”

“Oke.”

Amarga gayeng anggane ngrembug ngenani tugase sesuk, nganti ora krasa yen wis tekan ing ngarepane omahe Khirma. Tekan ngarep omahe, Khirma nawani Priyo, “Ora mampir dhisik, Yo?”

“Ora, Khira. Matur nuwun.”

Dina candhake, watara jam pitu esuk, kabeh bocah wis padha mlebu ing kelase dhewe-dhewe, klebu Khirma lan Priyo. Sinambi ngenteni Pak Satriyo rawuh. Kendhi lan maneka piranti sing bakal dienggo ngrias kendhi ditokake kabeh. Ngenani hiasan-hiasan sing bakal dipasang ing kendhi jinise akeh banget. Ana sing nggawa pasir warna, ana sing nggawa kulit endhog puyuh, ana uga sing nggawa wiji-wijian kayata beras abang, ketan ireng, lan kacang ijo.

Limang menit samungkure bel kang manggon ing ngarep ruang guru ditabuh dening Pak Bon. Pak Satriyo rawuh ing kelase Khirma lan Priyo. Sawise ngajak ndonga sedhela lan menahi cecala sethithik sadurunge miwiti anggane mulang. Pak Satriyo banjur ngendikan, “Saiki, kaya sing bapak aturke wingi. Kendhi-kendhi sing wis digawa saka ngomah



dihias saapik-apike. Ngenani hiasane model piye? Bapak pasrahake menyang murid-murid kabeh. Mengko telung kendhi sing hiasane paling rapi bakal ana bebanane.”

“Hore.....” semaute bocah-bocah sakelas klebu Khirma lan Priyo.

Sawise kuwi ing kelase Khirma lan Priyo dadi urip. Kekarone lan kancane liyane padha sengkud anggane ngrias kendhine. Kabeh padha nduweni pangajab kendhine bakal dadi kendhi sing paling apik saengga saliyane entuk biji sing becik uga bakal pikantuk bebana saka gurune.

Kira-kira setengah jam candhake, anggane ngrias kendhi-kendhi iku rampung. Ora kurang ana kendhi cacah limalas sing dihias ing dina kuwi. Hiasan sing ana ing kendhi wujud maneka rupa. Ana sing gambar manuk, karun, gambar kutha, gambar kewan, lan ana uga sing hiasane rupa pemandangan alam.

Kendhi-kendhi sing rampung anggane ngrias banjur digawa menyang ngarep. Sawise kendhi dijejer kendhi-kendhi mau banjur dibiji dening Pak Satriyo. Bareng dibiji iku mau wusanane kasil diweruhi sapa wae sing bakal entuk bebana. Nanging sadurunge menehi ngerti marang siswane sapa sing entuk bebana. Pak Satriyo kepengin njelasake menyang siswane kena apa sing digawa kudu kendhi.

“Bocah-bocah, sampeyan kabeh mesthine ana pitakon kena apa sing digawa kudu kendhi lan dudu liyane?”

“Inggih, pak,” wangsulane bocah-bocah bebarengan.

“Dadi ngene ya bocah-bocah, sing jenenge ngono saliyane mujudake piranti. Uga nyimpen pralambang sing becik tumraping manungsa. Piwulang sing piye? Kendhi ngono mulangake sipat sing ngajab amrih manungsa gelem tulung-tinulung marang saphane. Cethane ngene kendhi iku upama diisi banyu, senajan durung kebak, kendhi mau bakal ngawetokake banyu sing mlebu menyang awake. Kedadeyan kaya mangkene nyimbulake kendhi ngono dudu barang serakah sing mung golek

penake dhewe. Hla, saka kene bisa digunakake kanggo gambaran yen dadi manungsa iku gelema andum rejeki menyang liyane. Lan aja mung mikirake kabutuhane dhewe nanging uga pikiren kabutuhane liyan.”

Bocah-bocah padha mangut-mangut nyoba ngresepi apa sing mentas dikandhakake dening gurune kasebut. Samungkure njelasake pralambang sing sinempen ing sanjerone kendhi. Ing dina iku Pak Satriyo uga ngedhumake foto kopian sing isih ana sambung rapete klawan kendhi. Ing foto kopian kang didumake iku mau tinulis kanthi cetha ngenani sejarah kendhi mligine kang ana ing Indonesia.

“Wah, jebul kendhi iku anane wis ewonan taun kepungkur, ya Khir?” takone Priyo menyang Khirma.

“Iya, Yo. Aku dhewe ya lagi ngerti iki. Wah jebul akeh babagan sing durung dimangerteni dening awake dhewe, ya, Yo!”

“Iya, menawa kuwi sing nyebabake Pak Guru ora kendhat anggane ngajab supaya sregep maca lan maca. Jebule kanthi maca ngono pancen bisa njembarake kawruh tenan.”

“Ho oh, mula saka kuwi becike wiwit dina iki awake dhewe tansah sregep sinau lan ora lali sipate kendhi kaya dingendikake dening Pak Guru mau ya!”

Samungkure kuwi bocah loro iku mau ngendhegake anggane cecaturan, awit Pak Satriyo bakal ngumumake sapa wae sing bakal pikantuk bebana. Bareng jenenge diceluk lan diajab maju Khirma lan Priyo ora bisa nyingidake rasa bungahe. Senajan ora dadi juara pertama nanging ora dadi ngapa jalaran kekarone ngerti mesthine gurune nduweni alasan kena apa karyane mung kasil pikantuk juara loro.

#### Biodhata Penulis

Jeneng Singlon : Sinung Santoso  
 Jeneng Asli : Zuly Kristanto  
 Alamat : RT 02 RW 06 Ds. Mirigambar Kec.  
 Sumbergempol Kab. Tulungagung  
 No. HP : 085707088247



Nono Warnono:

## Lindhu Kadidene Sasmita

Geter pater bumi gonjing cakra manggilingan  
 jaman  
 Maneka rasa jugrug mosik uleng panguripan  
 Karana moyag-mayig iman kabebidhung gebyar  
 kadonyan  
 Ngaurip nangisi rubuhing kapitayan  
 Bebendu lingsir jaman manungsa gupak  
 kanisthan

Geter pater bebrayan konkatan pranatan  
 Nyingkur keblat katalompen werdining  
 panembah  
 Ulir pikir njungkir kedlarung sasar dosa saalar-  
 alar  
 Kinarubut kemaksiyatan duraka kawengisan  
 Gunung njeblug tsunami gumulung nrajang  
 samubarang  
 Jerit tangis ngrerujit ati sumelang  
  
 Gusti wanci asung pepeling sinandhi

Bojonegoro, 5 Agustus 2018

**Nono Warnono (Suwarno):**

Panggurit ing Sanggar Pamarsudi Sastra Jawi  
 Bojonegoro (PSJB)  
 Alamat Rumah:  
 Perumahan Gajah Indah Village RT.3 RW 2  
 Blok O Gang 7 No.18-19  
 Kecamatan Baureno, Kabupaten Bojonegoro  
 62192

## Punagi Sesuluh

Peteng ndhedhet sajroning dhadha  
 Rinuket sepi samun kablenggu leksan rasa  
 Dalam ireng langes datan kawistara langking seta  
 Samar lumaku lekas tumekeng ancas ginagas  
 Kabentus kesandhung watu pepalang  
 Juglangan ngaurip kebak pacoban

Peteng lelimengan tanpa sitaresmi  
 Langit lazuardi mentiyung sawegung tan adamar  
 Sanggarunggi tumuju dalam ngendi nggayuh  
sawiji
 Gamang sasar laku nalisir ugeran kang wus  
gumathok sakalir
 Banjur muhung kapiadreng manekung manembah  
 Abang biru lelaku ngaurip nut lakuning takdir  
sumarah

Peteng ndhedhet ati suwung gelis sesuluh dzikir  
 Tahlil tahmid lan takbir ngumandhang jiwa  
tasawuf
 Angulir pikir sewu ikhtiyar slaras pitutur kang  
wus kababar
 Marang Kitab Suci lan Sunnah tumlonjong  
garis qada lan qodar
 Kacaryan suluhing Gusti Kang Maha Wikan

Bojonegoro, Oktober 2018



## KANG TINEMU

Tumapak ing jaladrining pangurtipan  
Paran marganing nggayuh kayuwanan  
Jaragan kang tinungka ing sambékala  
Datan manggiya pangalaban.

Nalar ngumandhangaké kidung panjangka  
Anggliyak lumaku sedya memancahi  
Nrabas grumbul nguyak lepasing pangastuti  
Mundhi dhawuh kang tuwajuh

Kang nggayuh sempuluring kamuktèn  
Jumangkah liwat lurung parangcuri  
Linandhesan cipta sumengka ing Hyang  
Gantha kang ginadhang wedharan mulya

Megaring payung agung pangayom daya  
Suwasana kang memalangi laku jumangkah  
Wantering batin tan pasrah ing pamiroda  
Senajan kinepung bètèng samekta jurit

Kang mletik saka osiking pangangen  
Mrepegi grahitaning sanubari kang amastuti  
Gegancang nrabas lurunging karang kawiryani  
Datan wigah-wigih kalamun wus pinasrahan sedya

Satengahé tlatah bawéra angilak-ilak sumimpen  
Lungiting piwulang purba wasésaning alam  
Kang arang kuwawa angarba weninging rasa  
Sakèhing sesanti nglungguhaké paugeran jati

Tékad nglari laku jantraning mangsakala  
Jiwa kang ngrembaka anggana kéwuh  
Ing underaning cipta wardaya kekitrang  
Tinemu ing madyaning siang ratri

Padangan-Bojonegoro  
1 Suro Taun Dal 1951.

## PANGAJAB

Keprungu manèh suwara gegeter  
Lamun rinasa ngungun kinayun kumlébat  
Nglari gemonthangé tengara wengi  
Kang ambujung kadhung kélangan lacak  
Saka underan kang kinubeg  
Nedya nglarapakaké pangayunan

Ngancik regoling kori pagedhongan  
Manekung marang budi rasa  
Rikala sandyakala gumingsir  
Kalamun jaman kaliling jejangkahan  
Prasasat tumiba laladan tanpa tepi  
Subuh lilih panyuwuné gemrambyang  
Ngentas sarana pituwas kang ginagas

Kang rumasuk ing batin panuwun  
Rinasa ing pethiting wengi  
Tumumpang pakarti linambaran sesanti  
Amiwir gesang pangibadah  
Getering manah rumeksa prabawaing Gusti

Aja kathik ninggal wewaler  
Bapa among-ibu among  
Dadi paseksèn lumèbring rah  
Jinangkung kakang kawah adhi ari-ari

Lah ing tepis pèrènging gunung kaé  
Kumricik sumbering banyu bening  
Mbabar tlaça sumilak ing lengkehing arga  
Dadi punjering panguripan karsané Gusti  
Tembang panguripan kang sinasak angin  
Ing langit resik rinengga rembulan sajimpit  
Nyeksèni sambaté kawula ing saben dina  
Kang rebut nucung adu nasib  
Ora marga luwé anané reregan ngrumut nekal tenggak  
Lereping ati pasrah tumumpang karep  
Tumelung ngesthi kamulyaning urip  
Amrih tumusing batin jumbuh kang winengku  
Sirna saka pangrasa kompra.

Padangan-Bojonegoro  
Bakdamaulud-Taun Dal 1951 (2018)

## TINUNTUN ASIHÉ GUSTI

Keprungu manèh suwara gegeter  
Lamun rinasa ngungun kinayun  
Nglari gemonthangé tengara wengi  
Kang binuru kélangan lacak  
Saka lampah tidhem

Ngancik régoling kori pagelaran  
Manekung ing budi rasa  
Rikala sadyakala gumingsir  
Samungguhna jaman kaliling jejangkahan  
Prasasat tumiba laladan tanpa tepi  
Luluh lilih panujune  
Ngéntas tebaning pituwas

Kang rumasuk ing batin panuwun  
Saben tumapaking dina lan wengi  
Tumumpang pakarti linambaran sesanti  
Amiwir gesang pangibadah  
Getering manah purbawasésaning Gusti  
Bapa among-ibu among paseksèn lubering rah  
Jinangkung kakang kawah adhi ari-ari

Kang jinunjung ing panglocita pamuji  
Kalamangsané ngadhepi rubéda  
Kang winawas trékahing pituwas  
Bebasan andhangir suket lamuran.  
Tepa palupi ing pralampita  
Lumèbèr obahing karep sumengka pandonga  
Tinuntun asihing Gusti.

Padangan-Bojonegoro,  
Bakdamaulud taun Dal 1951

**SRI NARJATI, Jln. Diponegoro 59-B,  
Kec. Padangan, BOJONEGORO 62162**



Kabupaten Gresik anggadhahi kathah sanget daya tarik wonteng ing bab wisata utawi rekreasi ingkang saged dados tujuan kunjungan. Manika warni papan pangenan wisata menika antawisipun wisata religi, wisata kuliner, lan wisata industri. Unikipun budaya masyarakat Gresik ingkang gadhahi tata-krama lan *agamis* dadosaken kabupaten Gresik ugi saged dipun sebat kaliyan kutha Santri. Wontenipun makam uatawi pasarean Maulana Malik Ibrahi, Sunan Giri, Sunan Prapen, lan petilasan Sunan Kalijaga,

sarta makam para auliya lintunipun langkung nguataken identitas bilih Gresik menika kasebat Kutha Wali.

Syekh Maulana Malik Ibrahim utawi Sunan Gresik menika wali ingkang paling sepuh wonten ing reruntutan nama-nama Sunan/Wali wonten ing tanah Jawa. Panjenenganipun dumugi wonten ing tanah Jawa menika kagem nyebaraken agami Islam wonten ing jaman Majapahit (1379 M). Panjenenganipun seda tanggal 12 Rabiul awal 822 H (1419 H). Saben

# Wisata Religi wonten ing Gresik





tanggal kasebat dipunpengeti dados haul ingkang dipuntumuti jamaah lokal lan regional sarta nusantara. Makam menika saben dinten dipunrawuhi peziarah saking *dalam negeri* ugi saking manca nagari, antawis 850.000 saben taun.

Kompleks makam Sunan Maulana Malik Ibrahim utawi Sunan Gresik dipunubengi kaliyan makam kaluwarga lan umum. Wonten ing sisih kilen kompleks makam menika wonten makam Bupati Gresik ingkang kawitan inggih menika Raden Puspongoro sarta kaluwarganipun. Bangunan makam menika gadhahi ciri ingkang khas menawi dipunbandhingaken kaliyan lintunipun, inggih saged dipun pirsani saking bahan maesan lan seratan mawi aksara Arab ingkang wonten ing makam. Maesanipun anggadahi *corak* maesan

Gujarat dipundamel saking watu marmer lan bentukipun *lunas kapalkhas* Gujarat. Makam menika manggen wonten ing jantungipun kutha Gresik., wonten ing margi Malik Ibrahim, antawis 200 meter saking alun-alun kutha Gresik.

Makam Sunan lintunipun wonten ing Gresik inggih menika Sunan Giri. Panjenenganipun putra saking Syekh Maulana Ishaq lan Dewi Sekardadu (putri Raja Blambangan, Menak Sembuyu) ingkang miyos wonten ing taun 1422 M. Wonten ing mangsa alitipun Sunan Giri gadhahi asma Raden Paku utawi Joko Samudra. Salintunipun dados wali, panjenenganipun ugi dados raja ingkang gadhahi gelar Prabu Satmoto lan merintah kerajaan Giri Kedhaton wonten ing taun 1487—1506 M. Sunan Giri seda taun 1506 M





lan dipunsareaken wonten ing inggilipun bukit lan dilebetaken cungkup ingkang gadhahi arsitektur khas Jawa ingkang unik. Makam Sunan Giri manggen wonten ing dhusun Siri Gajh antawis 4 km saking pusat kutha Gresik.


Barang-barang paninggalan Sunan Giri antawisipun:

- Pusaka arupi keris keramat ingkang namanipun keris Kolomunyeng.
- Telaga Pegat ingkang toyanipun boten saged telas sanadyan wonten ing mangsa ketiga
- Wit mengkudu ingkang wohipun dipunyakini saged maringi katurunan
- Sajadah
- Al-Quran mawi seratan asta
- Tembang lan dolanan


Makam sunan ingkang kaping tiga inggih menika Sunan Prapen utawi Syekh Maulana Fatikhal. Panjenenganipun inggih menika putra saking Sunan Dalem utawi Syekh

Maulana Zainal Abidin, putu Sunan Giri (Raden Ainul Yaqin). Panjenenganipun miyos antawis taun 1412 Saka, mawi panerus saking dinasti Giri kaping sekawan (1507—1606M). Miturut cariyos, Sunan Prapen inggih menika salah setunggaling pujangga ageng ingkang nggubah kitab ASRAR ingkang salajengipun dipunginaaken dados dhasaripun kagem nyusun *Jongko Joyoboyo*. Salintunipun, panjenenganipun ugi dados empu ingkang salah setunggaling karyanipun ingkang misuwur kanthi sebatan keris *Angun-angun*.

Sunan Prapen seda wonten ing taun 1512 Saka utawi 1606 M lan haulipun dhawah wonten ing tanggal 15 Syawal saben taunipun. Makam Sunan Prapen inggih menika wonten ing desa Klangoan antawis 400 meter sakilenipun makam Sunan Giri. Makamipun wonten ing lebet cungkup ingkang anggadhahi arsitektur unik mawi ukiran seni ingkang sae. Makamipun Sunan Prapen anggadhahi kaistemewaan, inggih menika wonten ing trap margi tumuju dhateng makam wonten satunggaling watu dodok utawi yoni. Watu menika dipunyakini








sebagian tiyang supados saged dhatengaken keturunan kagem pasangan suami isteri ingkang lenggah ing inggilipun.

Salintunipun tigang makam Sunan ingkang dipunandharaken wonten inggil, tasih wonten pinten-pinten makam malih ingkang wonten ing Gresik kadosta makam Raden Supeno. Panjenenganipun putra Sunan Giri saking garwa ingkang nomer kalih inggih menika Dewi Wardah. Salajengipun wonten makam Dewi Sekardadu, makam Kyai Tumenggung Puspongoro, makam Nyai Ageng Pinatih, makam Raden Santri, makam Siti Fatimah binti Maimun, makam Kanjeng Sepuh Sedayu, lan ugi Giri Kedhaton.

(Dalwiningsih)





# DHIT

**T**embung ing sajroning basa utawa saka basa siji marang basa liyane kerep ngalami owah-owahan. Owah-owahan kuwi umpamane; owah amarga tambah ing perangan ngarep, tuladha *dom* dadi *edom*, *rong* dadi *erong*, *moh* dadi *emoh* (*protesis*). Kosokbaline owah marga suda ing sisih ngarep, tuladha *waluku* diganti *kuku*, *walulang* diganti *lulang*, *wudun* mung kari *udun* (*afaeresis*). Ana sing wuwuh perangan ing buri, tuladha *bapa* owah malih *bapak*, *bayi* maleh *bayek*, *adhi* banjur disalini *adhik* (*paragoge*). Kosokbaline suda ing sisih buri, kayata *revolution* katelah dadi *revolusi*, *management* mung dijupuk *managemen*, *export* kari *ekspor* (*apokope*).

Maneh wuwuh ing tengah, kayata *saka* dadi *sangka*, *barata* owah dadi *branta*, *tuwuh* suweneng-suwe dadi *tumbuh*; tubuh itu memang tumbuh (*epentesis*). Beda karo iki, owah malih saya, *dahulu* mung kari *dulu*, bahasa (*Sansekerta*) utawa bahasa (*Indonesia*) ing basa Jawa dadi *basa* (*kontraksi*; *sinkope*). Lan liya-liyane, malah ana owah gingsiring tembung kang rada kompleks, kayata *Maliyabara* utawa *Malioboro* kang maune *Malborough*, *bimokroso* utawa *bromokroso*

kang asline *bloemencorso*, *gobag sodor* saka *go back through the door*, *siapa yang tidak tentu untung malang* suwe-suwe kelacut dadi *petualang*, *kelam harian* dadi *kemarin*, *tapian na ulia* dadi *tapanuli*, *ronggung jiwana* maune *yen loro tanggung yen siji kedawan* (kuwi aliyas Mr. Petruk). Dadi *njaluk dhuwit* ora aneh yen dadi *njuk dhit*.

Dhuwit iku warna-warna, lumrah dipantha dadi rong pepanthan: dhuwit wutuh karo dhuwit recch (pecah), dhuwit giral karo dhuwit cartal: dhuwit dhebet karo dhuwit kredhit dhuwit palsu karo dhuwit asli, dhuwit adhem karo dhuwit panas, dhuwit mlebu karo dhuwit metu, dhuwit wedok karo dhuwit lanang, dhuwit simpenan karo dhuwit cepakan, dhuwit gedhe karo dhuwit cilik. Ana uga sabanjure dhuwit beras, dhuwit sapi, dhuwit wedhus, dhuwit sepatu, dhuwit buku, dhuwit arisan. Apa maneh dhuwit anggaran, dhuwit non anggaran, dhuwit pesangon, dhuwit purnabakti, dhuwit dobel anggaran.

Ana maneh kang kakekate (hakekate, hakikate) pada mung jenenge beda: blanja, opah, honorarium, bonus, fee, royalti, salari (*salary, salaries*), komisi, dhevidhen, bathi,



uang dengar, uang duduk, uang nyamuk, uang sidang. Pancen pinter tenan para ahli *finance* lan *monetary*, nganti panjaluke/panyuwune bocah/ anak marang bapak ibu/wong tuwa, “Pak/Bu, aku tukokna/ pundhutna dhuwit” bisa klakon. Saiki padha bisa tuku *dollar*, *euro*, *ringgit*, *yen*, *punsterling*, lan liyane maneh.

Babagan dhuwit prelu gemi setiti ngati-ati, prelu nyeyelengi, aja mung dhuwat-dhuwit bae. Kang wigati *do it, once more do it*. Leluhure wong pinujul wis paring pemet, wewarah, manawa sumber-sumbering sakabehe prakara ing donya kuwi ora liya liya ya dhuwit, tembung asline mung mangkene, “Nervus rerum gerendarum pechunia”. Anggone golek panguwasa kae rak iya butuh dhuwit, anggone padha slingkuh, demenan, duwe simpenan bojo kae rak iya butuh dhuwit ta. Pancen tahta kuwi sesambungan karo *harta* (arta) lan asmara. Kabeh kuwi bali grembyang mulih mula-mulanira marang etika, moral, lan ati. Serat Menak ngandhakake

*pratikele wong akrami*  
*dudu bandha dudu rupa*  
*amung ati pawitane*  
*luput pisan kena pisan*  
*yen gampang luwih gampang*  
*yen angel angel kalangkung*  
*tan kena tinambak arta*

Kena bae wong kuwi sugih arta malah diprayogakake dening MN IV, angger diimbangi sugih widya (pinter, winasis) lan sugih wirya (budi pakarti luhur; *akhlak wa*

*amalul karimah*). Malah yen ora mangkono salahe dhewe. Pangandika wanti-wantine mangkene

*bonggan kang tan merlokena*  
*mungguh ugering ngaurip*  
*uripe lan triprakara*  
*wirya arta tri winasis*  
*kalamun kongsi sepi*  
*saka wilangan tetelu*  
*telas tilasing janma*  
*aji godhong jati aking*  
*temah papa papariman ngulandara*

Pancen repot wong apik atine, tulus, eklas (wirya) tur wasis, akhademikus sarjana sujana, ning gak gableg dhuwit. Uga ana, lan akeh wong goblog-gobllog, atine ana wulune, ning millioner malah trillioner. Uga repot wong apik atine, sugih ning goblog. Goblog, mlarat, ala tekane, dalane ya lurus, ning lurus anjog neraka (jalur N). Yen kepengin dalan lurus ngener swarga (jalur S), syarate budi lan pakartine apik (wirya) bisa lan ngreti sakehing kawruh, widya (wasis) lan sugih dhit. Panjenengan saiki ana ing jalur endi?.

(Dr. Rama Sudi Yatmana, Jagate Wong Jawa)



# PLESEDAN

**B**ebrayan Jawa, wong Jawa duwe unen-unen kang didhapuk lan dijenengake nganggo tembung lingga ditambahi panambang *an*. Kayata guritan, parikan, wangsalan, cangkriman, sengkalan, lan isih ana maneh: pindhan, candran, sanepan, prenesan. Sing dakjlentrehake ing kene aran plesedan. Ana sing ngarani blenderan, uga srekanan. Jenenge plesedan yakuwi samubarang kanggo mlesedake. Ora mapan ing trepe. Mlesed, nggeser, owah saka papan kang samesthine. Banjur dadi aneh utawa rada aneh, ana sing lucu, gawe guyu, ana sing nyemoni, nyindhir, ngritik, nylekit, nandhes, malah ana sing saru. Mung bae pancen ana kang bisa gawe imbanging rasa lan rasio, sarta narik *intelligence* liyane, tumuju marang kaarifan, kalantipan, kreativitas.

Sakdurunge dakkandhar, luwih dhisik aku nyuwun pangapura, mbokmenawa ana sing kesenggol, kecenthok, kesrempet, ndadekake ora sarju utawa ora renaning panggalih. Muga padha kagungan wawasan, visi, misis, nalar kang jembar, dhadha kang bawera; mikir kalayan *overall*. Dakwiwiti tembung *guru* diplesedake dadi wagu tur saru.

*lanang* yo ben ala nanging menang

*dhalang* beghondal lulang

*sindhen* yen wis isi banjur sendhen

*yaga* Ngaya golek sega  
*DPR* Dinas Pembagian Rejeki  
*Sekwilda* Sekitar wilayah dhadha  
*buntut* mambu entut  
*narkoba* narik kolor bareng-bareng  
*Setu legi* Setengah tuwa lemu ginuk-ginuk  
*NIP* Narima Ing Pandum  
*Camat* Cari nikmat  
*Bupati* Buka paha tinggi-tinggi  
*Doktor Honoris Causa* dadi Dhoktor  
*Humoris Causa*  
*PBB* dadi Persatuan Babu-Babu  
*Dhemokrasi* tegese yen wis gedhe, emoh  
dikerasi

Sawenehing cangkriman kanggo plesedan: sapi madhep ngidul buntute ana ngendi? Ana lor. Salah, ya yen sapine ora lenggak lenggok. Lha njur ana ngendi. Ana ndhuwur bokonge, utawa ana ndhuwur silite saora-orane ana ing buri. Iki parikan sing diplesedake: ciyu sabotole, simbah turu ketok botole. Kena lho turu sandhing botol!.

(Dr. Rama Sudi Yatmana, *Jagate Wong Jawa*)



# SEKUL GEGHOG KHAS TRENGGALEK

(Dalwiningsih)



## SEKUL GEGHOG KHAS TRENGGALEK

Sekul geghog inggih menika masakan tradisional khas Trenggalek ingkang eco sanget. Sekul geghog sampun dados menu saben dinten masyarakat Trenggalek, khususipun wonten dusun Srabah, kecamatan Bendungan. Ciri khas saking sekul geghog menika saking ulam teri lan raos pedesipun. Warga percados bilih dahar sekul geghog saget ngicalaken raos ngelu lan grana mampet amargi influenza.

## NASI GEGHOG KHAS TRENGGALEK

Nasi geghog yaitu masakan tradisional khas Trenggalek yang rasanya sangat nikmat. Nasi geghog sudah menjadi makanan sehari-hari masyarakat Trenggalek, khususipun wonten dusun Srabah, kecamatan Bendungan. Ciri khas saking sekul geghog menika saking ulam teri lan raos pedesipun. Warga percados bilih dahar sekul geghog saget ngicalaken raos ngelu lan grana mampet amargi influenza.



Resep Sekul Geghog khas Trenggalek.

Bahan Sekul Geghog:

- 200 gram wos
- 300 ml toya
- Ron pisang kagem mbungkus
- Tusukwaja

Bahan Sambel Teri:

- 100 gram terijengki, dipunsedulandipuntus
- 100 ml toya
- 2 lembar ron salam
- 2 cm laos, dipunkeprek
- 2 sendok dhahar minyak kagem numis
- ¼ sendok teh sarem
- ¼ sendok the gendis pasir

Bumbu Alus:

- 7 iji lombok rawit abrit
- 3 iji lombok abrit kriting
- 6 iji brambang
- 4 siyung bawang

Cara Damelipun

1. Sekul: Masak sekul setengah mateng
2. Sambel teri: panasaken minyak, tumis bumbu alus, ron salam, lan laos ngantos arum
3. Lebetaken teri dipunaduk ngantos rata tambahaken toya, masak ngantos mateng toyang resep.
4. Siapaken ron pisang, bungkus sekul setengah mateng dipunbumbui sambel teri.
5. Kukus 15 menit ngantos tanek.
6. Angkat lan dipunsajiaken anget-anget.

Resep Nasi Geghog khas Trenggalek.

Bahan Nasi Geghog:

- 200 gram beras
- 300 ml air
- Daun pisang untuk membungkus
- Tusuk gigi

Bahan Sambel Teri:

- 100 gram terijengki, direndam dan ditiriskan
- 100 ml air
- 2 lembar daun salam
- 2 cm laos, digeprek
- 2 sendok makan minyak untuk menumis
- ¼ sendok the garam
- ¼ sendok the gula pasir

Bumbu Halus:

- 7 iji cabai rawit merah
- 3 iji cabai merah kriting
- 6 iji berambang
- 4 siung bawang

Cara Membuat

1. Nasi: Masak nasi setengah matang
2. Sambel teri: panaskan minyak, tumis bumbu halus, daun salam, dan laos sampai harum
3. Masukkan teri dan aduk sampai rata serta tambahkan air, masak sampai matang.
4. Siapkan daun pisang, bungkus nasi setengah matang dan beri bumbu sambel teri.
5. Kukus sekitar 15 menit sampai matang sempurna.
6. Angkat dan sajikan selagi hangat.



# PERLUNIPUN NGREVOLUSI PASINAON BASA JAWA



**K**ados padatan ing saben-saben edhisi, *Titis Basa* tansah ngawontenaken liputan kang awujud pirembagan utawi wawanrembag (wawancara) bab-bab ingkang magepokan kaliyan kemajenganipun basa, sastra, lan budaya Jawa. Dene ing kalodhangan punika redhaktur kepengin sanget ngawontenaken wawanrembag (wawancara kaliyan) salah satunggaling guru Basa Jawa ingkang lelabetanipun ageng sanget tumrap kemajenganipun piwucalan Basa Jawi ing sekolah-sekolah.

Ing kalodhangan punika redhaktur keraya-roya sowan dhateng Blitar tumuju wonten dalemipun Bapak Imam Riyadi salah satunggaling guru Basa Jawa ingkang nggadahi dhedhikasi inggil kangge ngawontenaken ewah-ewahan saha kemajenganipun piwucalan Basa Jawa. Alasan redhaktur kepengin sanget miyak saha ngandharaken labuh-labetipun Bapak Imam Riyadi ingkang taun punika sampun nampi kanugrahan ingkang awujud kanugrahan Sutasoma saking Balai Bahasa Jawa Timur kategori *Guru Bahasa daerah Berdedikasi*. Nalikanipun redhaktur dumugi wonten dalemipun Pak Imam Riyadi langsung katampi



kanthi ulat kang grapyak sumanak anjalari langkung krasan lan langsung grengseng anggenipun kepengin angsal informasi sakathah-kathahipun bab-bab ingkang magepokan kaliyan kemajenganipun piwucalan Basa Jawa ing kabupaten Blitar. Bapak Imam Riyadi punika pidalem wonten ing dhusun Tawang Sawentar RT 03 RW 01 kecamatan Kanigoro, kabupaten Blitar.

Ing ngandhap punika mujudaken pirembagan (wawancara) redhaktur Titis Basa (TB) kaliyan panjenenganipun Bapak Imam Riyadi (IR).

TB : *Miturut panjenengan kadospundi kawontenan piwucalan Basa Jawa ing wekdal sapunika?*

IR : Miturut kula piwucalan Basa Jawa ing wekdal punika radi mrihatinaken. Sepisan, mrihatinaken sanget ing bab guru ingkang mucal Basa Jawa. Kaping kalih, mrihatinaken awit jluntrungipun piwucalan Basa Jawa dereng saged jumbuh kaliyan menapa ingkang sampun dipuntedahaken wonten ing Peraturan Gubernur nomer 19 taun 2014.

TB : *Maksudipun kadospundi, kula nyuwun dipunjelasaken bab menika supados para pamaos mangke saged gamblang ngenani kalih perkawis ingkang panjenengan dhawuhaken?*

IR : Ngaten, ingkang sepisan mrihatinaken bab guru ingkang mucal Basa Jawa. Sasampunipun Dinas Pendidikan provinsi Jawa Timur netepaken Bahasa Daerah minangka muatan lokal wajib ing provinsi Jawa Timur wiwit saking tataran SD, SMP, ngantos dumugi SMA, ateges rak mbetahaken guru-guru Basa Jawa ingkang cacahipun boten sekedhik. Kamangka mahasiswa lulusan saking jurusan Basa Jawa namung sekedhik, ateges kabetahan guru Basa Jawa ing Jawa Timur menika kekirangan sanget. Wusanipun menawi ing sekolah-

sekolah punika dereng wonten guru saking jurusan Basa Jawa pramila guru ingkang dipunsrahi mucal Basa Jawa inggih sawontenipun.

TB : *Nanging pihak sekolah punika anggenipun maringi tugas dhateng guru punika mesthinipun rak sampun dipenggalih kanthi saestu?*

IR : Inggih leres. Nanging menawi ingkang dipunpasrahi menika kompetensipun Basa Jawa taksih kirang ateges anggenipun mucal rak namung waton dipunwucal. Menawi saestu mekaten ateges rak namung kangge ngguguraken kuwajiban nindakaken muatan lokal wajib. Kanthi mekaten, arahipun piwucalan Basa Jawa inggih boten saged jumbuh kaliyan menapa ingkang sampun dipuntedahaken wonten ing Peraturan Gubernur Nomer 19/2014.

TB : *Sejatosipun menapa ta ingkang dados ancas lan tujuwan piwucalan Basa Jawa ingkang dipuntedahaken ing salebeting Peraturan Gubernur Nomer 19/2014?*

IR : Kados ingkang sampun kaserat wonten ing pasal 3 lan 4 bilih muatan lokal Bahasa Jawa menika mujudaken sarana kangge nancepaken nilai-nilai pendhidhikan etika, estetika, moral, spiritual, saha karakter. Wondene tujuwanipun muatan lokal Bahasa Jawa punika kangge nglestarekaken, ngrembakaken, sarta nggulawentah basa lan sastra Jawa.

Kanthi mekaten mesthinipun caranipun mucalaken piwucalan Basa Jawa punika kedahipun boten sami kaliyan piwucalan-piwucalan sanesipun.

TB : *Maksudipun anggenipun mucal kok boten sami punika kadospundi?*

IR : Ancas lan tujuwanipun piwucalan basa Jawi punika bakunipun rak kangge nggegulang bab etika, estetika, moral,



spiritual, sarta karakter. Ateges piwucalan basa Jawa punika mujudaken piwucalan kangge nggegulang tata krama, suba sita, ngalusaken rasa lan pendhidhikan budi pekerti? Cethanipun piwucalan Basa Jawa boten kangge ngasah kecerdhasan intelektual (IQ) kemawon, nanging ingkang dipunutamakaken kangge ngasah kecerdhasan emosional (EQ) sarta kecerdhasan spiritual (SQ). Pramila dipunbetahaken guru-guru ingkang kagungan pengalaman kathah bab caranipun nggegulang budi pekerti sarta tata krama.

TB : *Nuwun sewu, lajeng miturut panjenengan kadospundi prayoginipun lan kadospundi kedahipun piwucalan Basa Jawa ingkang jumbuh kaliyan Peraturan Gubernur Nomer 19/2014 kalawau?*

IR : Miturut kula piwucalan Basa Jawa sakmenika kedah dipunrevolusi.

TB : *Revolusi ingkang kados pundi ingkang panjenengan kersakaken?*

IR : Inggih kula kajengaken dipunrevolusi punika caranipun mucal sarta tujuwanipun piwucalan. Supados piwucalan Basa Jawa punika saget dipunremeni dening para siswa lan tujuwan piwucalan Basa Jawa saget kasil kangge mucalaken budi pekerti, ing salebeting piwucalan para siswa boten perlu dipunparingi materi-materi ingkang boten penting lan boten wonten gina paedahipun.

TB : *Contonipun materi menapa ingkang boten penting lan boten wonten gina paedahipun?*

IR : Kula kinten materi-materi kados ngapalaken jeneng anak-anake kewan, jenenge kembang, jenenge isi, lan sapanunggalanipun punika boten sisah

lare-lare dipunutus ngapalaken sanget-sanget. Malah materi ingkang langkung penting punika kadospundi cak-cakanipun tata krama dhumateng Bapak Ibu guru, tata krama dhateng tiyang sepuh, lan kadospundi ngecakaken unggah-ungguh basa ingkang leres. Menawi bab-bab menika dipunwucalaken kanthi sae, kula kinten tata krama saha budi pekertinipun para siswa saget thukul malih. Materi-materi piwucalan Basa Jawa ingkang kebak pendhidhikan budi pekerti rak kathah sanget upaminipun cariyos wayang, crita cekak, sarta pasinaon bab kasusastran Jawa. Sedaya punika perlu dipundhudhah lan dipunonceki supados lare-lare mangertos budaya tilaranipun para leluhur adi luhung sanget.

TB : *Sekedhap Pak, panjenengan ngantos sakmenika rak taksih ngasta dados guru Basa Jawa. Leres nggih?*

IR : Inggih leres.

TB : *Inggih badhe kula suwunaken pirsu, kadospundi panjenengan anggenipun mucal Basa Jawa dhateng lare-lare?*

IR : Kados ingkang sampun kula aturaken ing ngajeng, bilih anggen kula mucal Basa Jawa inggih ingkang kula utamakaken bab pendhidhikan budi pekerti. Kula tansah mbudi daya bab pendhidhikan karakter sarta kadospundi supados lare-lare menika remen kaliyan piwucalan Basa Jawa. Nalikanipun mlebet kelas, kula boten langsung nyukani materi pelajaran nanging langkung rumiyin kula gatosaken sanget kados pundi tindak-tandukipun para siswa, langkung-langkung menawi wonten lare ingkang telat mlebet kelas. Menawi wonten lare telat kok langsung mlebet lan lenggah dhateng bangkunanipun, lare menika kula kengken medal malih. Lare-lare kula tuturi lan



kula wuruki kados pundi trasilanipun utawa tata kramanipun ingkang sae nalika badhe mlebet kelas. Kanthi mekaten lare-lare mangke kulina ngecakaken tata krama nalika badhe mlebet dhateng ruwang kelas.

TB : *Hla menawi ingkang telat kathah kadospundi?*

IR : Menawi kathah ingkang telat, nggih tetep kula kengken mraktekaken tata kramanipun mlebet kelas. Bab menika mangke kedah dipunterapaken wonten ing piwucalan-piwucalan sanesipun. Kejawi nangani bab lare telat mlebet kelas, kula ugi ngginakaken metodhe piwucalan ingkang ngremenaken (*menarik*), upaminipun metodhe pasinaon *out bond* (pasinaon ing sanjawining kelas) kanthi modhel permainan. Materi menapa kemawon saget dipunwucalaken lumantar permainan ingkang kenging kangge nancepaken (*menanamkan*) pendhidhikan karakter. Salajengipun menawi wonten lare nindakaken kalepatan (upaminipun nglanggar tata tertib sekolah), kula boten nate ngukum lare-lare nanging kula sistem wontenipun *proyek kebaikan*. Tegesipun, sinten kemawon ingkang nindakaken kalepatan kedah dipuntebus mawi tumindak kesaenan lan migunani tumrap dhiri pribadinipun sarta tumrap tiyang sanes. Upaminipun reresik sakiwa tengene kelas, ngocori kembang, lan nindakaken menapa kemawon kanthi lelandhesan raos ekhlas lan boten

dipunpeksa.

TB : *Saben-saben akhir semester rak mesthi wonten biji rapot. Kadospundi cara panjenengan mbiji lare-lare kanggi ngisi biji wonten rapot?*

IR : Bab menika rak gampang. Menawi kangge mbiji lare-lare bab kawruh (*nilai Pengetahuan*) inggih dipunwontenaken ulangan kados biasanipun. Dene kangge mbiji bab praktek (*nilai Keterampilan*) ugi kula pendhetaken nalikanipun lare-lare mraktekaken basa lan mraktekaken materi ketrampilan ingkang dipunjumbuhaken kaliyan kurikulumipun. Mekaten ugi kangge mbiji trapsilanipun lare-lare (*nilai Sikap*) inggih dipunpendhetaken saking tindak-tandukipun para siswa ing saben dintenipun.

TB : *Inggih Pak Imam, mugimugi ancas panjenengan ingkang kados mekaten punika mugimugi saget dipuntiru lan dipuntrapaken dening guru-guru sanesipun. Kula kinten anggen kula silaturahmi kula cekapi sawetawis. Matur sembah nuwun sanget sedaya kateranganipun.*





